Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Адыгэ псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№61 (24.967) • 2026 гъэм накъыгъэм (майм) и 21, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ



ЦIыхубэм къагъэщхьэпэн хуэдэу

Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ IуэхукIэ мы махуэхэм щыхьэщIащ УФ-м энергетикэмкIэ и министрым и къуэдзэ Конюшенкэ Пётр. Республикэм и Iэтащхьэр интернетым щытепсэлъыхьыжащ я зэIущIэр зэрекIуэкIам.

«УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и къуэдзэ Надыкто Владимир, республикэм и Правительствэм хэтхэр, УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэр, щIыпIэ къулыкъущIапIэхэм я унафэщIхэр, «Россети Северный Кавказ», «Ставропольэнергосбыт» IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэу Левченкэ Романрэ Кузнецов Леврэ хэту, лэжьыгъэ зэIущIэ едгъэкIуэкIащ, - щетх КIуэкIуэ Казбек и Макс-напэкIуэцIым. - Энергетикэ комплексым и зыужьыныгъэм епха Iуэхугъуэхэм, псалъэм папщIэ, ар зэпыу имыIэу цIыхухэм яIэрыхьэным и мыхьэнэм дытепсэлъыхьащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкIэ ар сыт щыгъуи мыхьэнэшхуэ зиIа, дяпэкIи зиIэну экономикэ къалэну зэрыщытым и гугъу тщIащ.

Энергиер зэбгрышыным епха IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр щхьэпагъ нэхъыбэ хэлъу зэрызэфIахыпхъэм дытепсэлъыхьащ. Ар щIыналъэм зэрыщызэбгрыкIым теухуа программэм и зы Iыхьэщ зи гугъу тщIар.

Къызэхуэсахэм къыхагъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым уздыгъэ уасэр къызэрыхэкIым и хуабжьагъыр зэрефIакIуэр.

Республикэм электроэнергиер хуэзыутIыпщ IуэхущIапIэм дяпэкIи дызэрыдэлэжьэнум и фIыгъэкIэ, цIыхубэм къызыхуэтыншэу электрокъарур къагъэщхьэпэну Iэмал яIэнущ».

ЩIыналъэм къыхуэлэжьар

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым накъыгъэм и 19-м щекIуэкIащ «2025 гъэм КъБР-м и бюджетыр зэрагъэзэщIам и Iуэхукlэ» щIыналъэ хабзэм и проектым теухуа едэIуэныгъэхэр. Зэхыхьэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм, къэрал, муниципальнэ IуэхущIапIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, депутатхэр.

ЗЭIУЩIЭМ къыщыпсэлъащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Белецкая Ольгэ, КъБР-м финанс IуэхухэмкIэ и министр Лисун Еленэ, КъБР-м и Парламентым Бюджетымкlэ, налогхэмрэ финанс IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI АфэщIагъуэ Михаил, КъБР-м и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и унафэщI КIасэ Динэ, Урысейм и ФНС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Акаевэ Светланэ сымэ.

Мыпхуэдэ цIыхубэ едэIуэныгъэхэр илъэс къэс ирагъэкIуэкI, щIыналъэ бюджетыр зэрагъэзэщIар нэрылъагъу ящIыныр я мурад нэхъыщхьэу. ЗэIущIэр къыщызэIуихым, республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим жиIащ едэIуэныгъэхэм Iэмал къызэрыратыр я ехъулIэныгъэхэм, гугъуехьхэм, къапэщыт къалэнхэм тепсэлъыхьыну, къызэхуэсахэм я Iуэху еплъыкIэхэр къагъэлъэгъуэну.

- Дуней псом и щытыкIэмрэ экономикэ Iуэхухэр зэрымытэмэмымрэ емылъытауэ, нэгъабэ республикэм хузэфIэкIащ бюджетыр зэпIэзэрыту щигъэтыну, цIыхухэм я пащхьэ щиIэ къалэн нэхъыщхьэхэр игъэзэщIэну. Япэ игъэщыпхъэ Iуэхухэм (улахуэр, ахъшэкIэ дэIэпыкъуныр, хущхъуэкIэ, шхынкIэ къызэгъэпэщыныр, ОМС-р, бюджет зэхуаку трансфертхэр, коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр хыхьэу) бюджетым и процент 71-м щIигъур хуагъэкIуащ. Дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэнми ди нэIэ тетащ. А Iуэхухэм сом меларди 4,3-м щIигъу трагъэкIуэдащ, - жиIащ Жанатаевым.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Белецкая Ольгэ тепсэлъыхьащ 2025 гъэм республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зыхуэдам, промышленнэ, мэкъумэш, хьэрычэт IэнатIэхэм, сатум я ехъулIэныгъэхэм, зыгъэпсэхуакIуэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэм, щIыналъэм и зыужьыныгъэм мылъку къызэрыхалъхьэм, нэгъуэщIхэми.

«2025 гъэм ди щIыналъэм и экономикэм зыужьыныгъэ иIащ: республикэм къилэжьар сом мелард 370-рэ мэхъу, езым къыщIигъэкIауэ ирашам сом мелард 83-рэ къыпэкIуащ. Мэкъумэш IэнатIэм 2025 гъэм сом меларди 126,7-рэ къитащ. Мэкъумэшым хухэха щIы гектари 100-м тещIыхьауэ зэбгъапщэмэ, абы къытекIар хуэди 2,3-кIэ щынэхъыбэщ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм ику иту къытрахам нэхърэ, хуэди 4-кIэ йофIэкI Урысейм адрей и щIыналъэхэм ику иту къагъэлъагъуэм нэхърэ», - жиIащ къэпсэлъам.

Сатум къыпэкIуащ сом мелард 376-рэ, зыгъэпсэхуакIуэхэр цIыху мелуани 2-м щIигъуащ (2024 гъэм нэхърэ процент 13,7-кIэ нэхъыбэщ). ЩIыналъэм зегъэужьыным къыхалъхьа мылъкур къыщапщытэжым, щIыналъэ 46-м щыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым 19-нэ увыпIэр иубыдащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, республикэр ещанэ увыпIэм икIри етIуанэм дэкIуеящ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я дежи. НэгъуэщI къэралхэм сату зэрыдащIэм процент 14,2-кIэ хэхъуащ. Хьэпшыпу ирашамкIэ УФ-м и щIыналъэхэм я деж Къэбэрдей-Балъкъэрым 75-нэ увыпIэр щиIыгъщ, АПК-м къыщIигъэкIауэ ирагъэшамкIэ - 60-нэ увыпIэр. 2025 гъэм мазэ улахуэр ику иту сом 53-рэ 251-рэ хъуащ, ипэ ита илъэсым елъытауэ хэхъуащ процент 12,5-кIэ.

КъБР-м финанс IуэхухэмкIэ и министрыр къыщыпсалъэм жиIащ республикэм и пщэрылъ псори зэригъэзэщIар: «2025 гъэм къэрикIуахэм япкъ иткIэ, КъБР-м и бюджетыр мыпхуэдэу дгъэзэщIащ: республикэм и хэхъуэр сом мелард 67,1-рэ хъуащ, щIыналъэм къыIэрыхьа хэхъуэм и куэдагъыр бюджетым теухуа Законым къыщыгъэлъэгъуам нэхърэ сом мелуан 272,1-кIэ нэхъыбэщ. Налогымрэ нэгъуэщI хэхъуэхэмрэ проценти 102,2-кIэ дгъэзэщIащ (нэгъабэрейм елъытауэ сом меларди 2-рэ мелуан 87-кIэ хэхъуащ), ар дубзыхуа бжыгъэм нэхърэ сом мелуан 532,3-кIэ нэхъыбэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым 2025 гъэм къигъэсэбэпар сом мелард 69-м щIегъу, - жиIащ Лисун Еленэ.

Социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэм сом мелард 49-рэ мелуан 420,9-рэ трагъэкIуэдащ. 2025 гъэм дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэным ехьэлIауэ ягъэбелджыла къалэн псори ягъэзэщIащ. Мэкъумэш IэнатIэм зыщIэгъэкъуэным нэгъабэ сом меларди 4,4-рэ хуаутIыпщащ. Къищынэмыщlауэ, иджы япэу сом мелуан 515-рэ хухахащ мэкъумэш IэнатIэр IэщIагъэлIхэмкIэ къызэгъэпэщыным дэIэпыкъуэгъу хуэхъуным теухуауэ. ЩIыналъэм пщIэншэу къыIэрыхьэ ахъшэр сом мелард 42,8-м нэсащ. Къэрал программэ 26-рэ гъэзэщIэным сом мелард 68,8-рэ хуаутIыпщащ, федеральнэ бюджетым и мылъкуу - сом мелард 18,9-рэ. Муниципальнэ щIыналъэхэм я бюджет зэхуаку трансфертхэр сом мелуан 18,6-рэ хъуащ.

Лъэпкъ Iуэхухэр гъэзэщIэным 2025 гъэм сом меларди 10,7-рэ хуаутIыпщащ - процент 99,6-кIэ ягъэзэщIащ. Ахъшэм и нэхъыбэр къыщагъэсэбэпащ «ГъащIэм папщIэ инфраструктурэ», «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ», «Унагъуэ», «ГъащIэ кIыхь икIи жыджэр» лъэпкъ Iуэхухэм.

2026 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу къэрал щIыхуэр сом меларди 5,2-рэ хъурт, ар 2024 гъэм елъытауэ сом меларди 2,3-кIэ нэхъ мащIэщ.

Худэчых зиIэ сымаджэхэр пщIэншэу медицинэ дэIэпыкъуныгъэрэ хущхъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным сом мелард 1,8-рэ хухахащ, абы къищынэмыщIауэ, КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ, бюджетым халъхьа ахъшэм иджыри сом мелуан 200 дыщIагъуащ дызэрыт илъэсым.

АфэщIагъуэ Михаил къыщыпсалъэм жиIащ щIыналъэ бюджетыр зэрызэпIэзэрытыр. «Фигу къэзгъэкIыжынщи, 2020 гъэм щIыналъэм езым и хэхъуэхэр сом мелард 12,1-рэ хъууэ щытащ, 2024 гъэм сом мелард 21-рэ диIащ, 2025 гъэм сом мелард 24-м дынэсащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, апхуэдэурэ иджыри илъэс зыбжанэ едгъэкIуэкIмэ, КъБР-м и Iэтащхьэм къигъэлъэгъуа бжыгъэр - сом мелард 28-р - 2028 гъэм ирихьэлIэу зэрызэдгъэхъулIэфынур. Апхуэдэуи, илъэс етхуанэ хъуауэ лэжьакIуэхэм я улахуэм проценти 10-кIэ зэрыхэхъуэр дызыгъэгушхуэщ - ар гъэзэщIэным 2025 гъэм сом мелуан 686,2-рэ текIуэдащ. А Iуэху бгъэдыхьэкIэр къыкIэлъыкIуэ илъэсхэми къэдгъэсэбэпыну тфIэкъабылщ», - жиIащ АфэщIагъуэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ЛъэпкЪ газетхэм я къыдэкIыгъуэ зэхэт

КъызэфIагъэщIакъым гъэунэхуныгъэ хьэлъэхэм

Кавказ зауэм хэкIуэда Адыгэхэм я фэеплъ махуэм ирихьэлIэу КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек цIыхухэм зэрызахуигъазэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Си хэкуэгъу лъапIэхэ!

Накъыгъэм и 21-м илъэси 162-рэ ирокъу Кавказ зауэр зэриухрэ.

А махуэр и дамыгъэщ адыгэ лъэпкъым и тхыдэм къыхэщыж нэхъ нэщхъеягъуэ дыдэхэм ящыщ зым.

А лъэхъэнэм щыIа геополитикэ зэныкъуэкъухэм къадэкIуа Кавказ зауэм цIыхущхьэкIэ къызэрымыкIуэу хэщIыныгъэшхуэ къихьащ, лъэпкъым щыщ Iыхьэшхуэм хэкур яригъэбгынащ икIи хамэ хэкум зыщахъумэжын хуей къалэн гугъум иригъэувэлIащ.

Мы махуэм дэ ди щхьэхэр яхудогъэщхъ Кавказ зауэм хэкIуэда псоми, зи адэжь хэкур зрагъэбгынахэм я фэеплъым.

Дапхуэдэу щытми, адыгэхэр къызэфIагъэщIакъым а гъэунэхуныгъэ хьэлъэ дыдэхэм.

Хэлъ Iущагъыр, лIыхъужьыгъэр, псэкупсэ быдагъымрэ къызэфIэмыщIэныгъэмрэ и щIэгъэкъуэну, лъэпкъыр гугъуехь псоми пэщIэтыфащ.

Дэ пщIэшхуэ яхудощI дяпэ ита нэхъыжьхэм - гъащIэм къапигъэтIылъа лъэпощхьэпо къызэрымыкIуэхэм щхьэкIэ къэмынэу, Урысей къэралыгъуэм хэту адыгэ лъэпкъым зихъумэжыным икIи зиужьыным, езыхэри, я адэжь хэкури, я бзэри, я лъэпкъ щэнхабзэри, зыми хэмыгъуащэ я хабзэхэри хэмыкIуэдэжыным хуэгъэза лъэбакъуэр нэхъ пасэу зыча я адэжьхэм къыхаха гъуэгум хуэпэжахэм.

Адыгэхэм, ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я унагъуэ зэкъуэтым хэту, я къэкIуэнур нобэ яубзыху, ахэр Урысейр нэхъри лъэщ, къэмылэнджэж щIыным пыщIа Iуэхухэм жыджэру хэтщ.

Шэч къытесхьэркъым, ди зэкъуэтыныгъэ быдэр ди тегъэщIапIэу, дэ сыт хуэдэ гугъуехьхэри къызэрызэднэкIыфынум, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкIуэнум, ди Хэкум и лъэщагъымрэ и ефIэкIуэныгъэмрэ хуэгъэзауэ зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр зэрызэдгъэхъулIэфынум.

Республикэм ис псоми узыншагъэ быдэ яIэну, фIы къайхъулIэну, зэIузэпэщу псэуну си гуапэщ.

Адэжьхэм я фэеплъым дыхуэфащэу

ПщIэ зыхуэсщI си лъэпкъэгъухэ, си хэкуэгъухэ!

Адыгэхэм (шэрджэсхэм) дежкIэ накъыгъэм и 21-р щыгъуэкIэ гъэнщIащ: 1864 гъэм а махуэм иухащ цIыху минищэ бжыгъэхэм я гъащIэр зыхьа, илъэсищэкIэ екIуэкIа Кавказ зауэр. Абы лъандэрэ илъэси 162-рэ дэкIащ, ауэ а лъапсэрых зауэр тщыгъупщэркъым, ди лъэпкъым къыхуихьа гуIэгъуэхэр дигу ихужыркъым. Илъэсищэкlэ мыужьыхыу екIуэкIа зауэм лъэпкъыр кIуэдыпIэ иришащ: мащIэ дыдэщ адэжь лъахэм къинэжар, нэхъыбэр мафIэ лыгъейм хэкIуэдащ е хамэ щIыпIэхэм щыхипхъащ. Тыншакъым хэхэсыныр натIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэм я гъащIэр – я бзэм ирипсэлъэну, я хабзэр зэрахьэну Iэмал кърамыту къэгъуэгурыкIуащ, ауэ зыхагъэшыпсыхьыжакъым, къызэтенащ. БлэкIа гузэвэгъуэшхуэм ущегупсыскIэ, укъэмыскIэнкIэ, уи гущIэм зимыгъэзэнкIэ Iэмал иIэкъым.

ЗэуапIэм икIуэдахэмрэ лъыгъажэм зи щыIэныгъэр зэтрикъутахэмрэ илъэс къэс накъыгъэм и 21-м дигу къыдогъэкIыж. Ар щыгъуэ-щIэж махуэу щагъэуващ Адыгейми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми. Щыгъуэ Iуэхухэр щокIуэкI Краснодар икIи Ставрополь щIыналъэхэм, Абхъазым, Тыркум, Иорданием, Сирием, Израилым, Германием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, нэгъуэщI къэралхэми.

Ялъэгъуа нэщIэбжьэхэм адыгэхэр иращIыкIакъым, я анэдэлъхубзэр фIагъэкIуэдакъым, я щэнхабзэр IэщIагъэхуакъым, я къежьапIэхэр щагъэгъупщакъым. Нобэ адыгэхэр Урысейм и лъэпкъыбэ унагъуэм ящыщ зыщ, мамыру и гъунэгъу лъэпкъхэм ядэпсэу зы жылагъуэщ. Адыгэхэр дэнэ щIыпIэ щыпсэуми, зы тхыдэрэ зы щэнхабзэмрэ зэраIэр ягъэгъуащэркъым, зыр адрейм щIэгъэкъуэн хуэхъуу, сыт щыгъуи зэкъуэту, зэрыIыгъыу зэдэщыIэщ. ХамэщIым къикIыжа ди лъэпкъэгъу минхэр Хэкум щопсэу, къекIуэкI хабзэмрэ псэукIэмрэ зрагъэзэгъащ, унагъуэ щащIащ.

Урысейм къищынэмыщIауэ, адыгэхэм къэралыгъуэ щаIэу дунейм зы щIыпIи щыIэкъым. Къэралым и пашэхэр хущIокъу лъэпкъым и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр зэрихъумэным икIи зэрызригъэужьыным, апхуэдэуи хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм адэжь лъахэм къыхуаIэ пыщIэныгъэхэр зэригъэбыдэнуми иужь итщ.

Мы махуэм дэ къыткъуэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъыбэр. Ар зыхыдощIэ, абы щхьэкIи дэтхэнэми фIыщIэ яхузощI. Ди щIыналъэм сыт хуэдэ Iуэхугъуэ щедгъэкIуэкIми, ди зэхуакум илъ зэныбжьэгъугъэр хъумэным икIи гъэбыдэным, ди къэкIуэнум теухуауэ диIэ жэуаплыныгъэр нэсу къыдгурыIуэным хуэгъэпсауэ щытын хуейщ. Узэгуры-Iуэмэ, узыпэмылъэщын гугъуехь зыри щыIэкъым.

Кавказ зауэм и тхыдэм дерс куэд къыдат. Абыхэм нэхъыщхьэу дызыхуагъасэр Iущыгъэмрэ зыр адрейм пщIэ хуэщIын зэрыхуеймрэщ. Лъэпкъ зэгурыIуэныгъэращ лъахэм зиужьыным и шэсыпIэ нэхъыщхьэр. Аращ къызыхэкIар Президент Путин Владимир 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу къилъытэнри.

Щалъхуа лъахэр яхъумэу зи псэ зыта ди адэжьхэр дэ зэи тщыгъупщэнукъым икIи Кавказ зауэм хэкIуэда псоми ди щхьэр яхудогъэщхъ. Апхуэдэ гуауэ къэмыхъужын папщIэ, дэ ди къалэнщ а фэеплъыр тхъумэну.

ИремыкIуэдыж зауэм зи щхьэ хэзылъхьа ди нэхъыжьхэм я фэеплъыр!

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэми дунейм адыгэу (шэрджэсу) тетхэми мы махуэр ящызыгъэгъупщэн гуауэ ямылъагъуну, ди япэ итахэм дащIыхуэфэщэн ехъулIэныгъэхэр диIэну си гуапэщ. Дэтхэнэ зы унагъуэми и жьэгу мафIэр зэхремыкIыж, гуфIэгъуэрэ фIыгъуэрэ диIэну сыфхуолъаIуэ!

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ
СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий.

Тхыдэм и дерсхэр

Дыгъуасэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и IуэхущIапIэм щекIуэкIащ Адыгэхэм я щыгъуэ-щIэж махуэм теухуа «стIол хъурей». Абы тхыдэджхэр, этнографхэр, жылагъуэ, дин лэжьакIуэхэр, гъуазджэм, щэнхабзэм я IэнатIэхэм пэрытхэр, хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я лIыкIуэхэр, егъэджакIуэхэр, щIалэгъуалэр щытепсэлъыхьащ адыгэ лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэ гугъум, тхыдэ напэкIуэцIым хэта гуауэхэм. ЗэIущIэр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭР псом япэу хуэщыгъуащ илъэси 101-кIэ екIуэкIа зауэжьым хэкIуэда ди лъэпкъэгъухэм.

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м и Парламентым и депутат Дзэмыхь Къасболэт, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм Егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытхэм я Iэзагъым хэгъэхъуэнымкIэ зэпымыууэ лажьэ и центрым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Къэжэр Артур, КъБКъУ-м и Социально-гуманитар институтым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Тэмазэ Муслим сымэ утыку кърахьащ лъэпкъ тхыдэм къыхэщыж Iуэхугъуэ пыухыкIахэмрэ Кавказ зауэм ехьэлIа щIэныгъэ тегъэщIапIэхэмрэ.

Зэхуэсым хэтахэм и гугъу ящIащ блэкIам къигъэна лъэужьыр нобэрей махуэм и гъуазэу щытын, дерс къыхэтхын, ар лъэпкъ зэхэщIыкIыр хъума хъуным лъабжьэ хуэщIын зэрыхуейм. А псори Iэмал имыIэу щIэблэм ябгъэдэлъхьэн, хабзэр, бзэр, тхыдэр, щэнхабзэр хъума хъуным хэлъхьэныгъэ зэрыхуэщIыпхъэм тепсэлъыхьащ щIэныгъэлIхэмрэ жылагъуэ лэжьакIуэхэмрэ.

ЗэIущIэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

КЪЭБАРТ Мирэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

БАЛЪКЪЭР Фоусэт

Хэкум икIахэм я гъыбзэ

Хамэ уафэм сыдоплъейри,
Пшэжьхэр уфIеящ.
Хамэ щIылъэм сыкъоплъыхри,
Нэпсым иуфеящ.

Си хэку дахэу Кавказ къуршхэм
Жэщ къэсыху сопщIыхь.
Убгынауэ уядэ хэкур,
УиIэжынкъым щIыхь.

Гъатхэ бзухэр абгъуэжь яIэм
Гъэ къэс къолъэтэж.
Згъэзэжынущи согуIэ,
СытемыпыIэж.

Уи къуршыпсым дыхуэхъуапсэу,
Iур игъущIыкIащ.
Хамэ шыду дызэрахуэу,
Чым дыщIапIыкIащ.

Сыхуэмей хамэщI тепщэгъуэ
ЩызиIэну зэикI.
О, си Хэку, уи унэлъэгур
НэхъыфIт бзэгукIэ збзейм.

Ухэхэсу ущытыну
ЩыIэкъым нэхъ Iей,
Ар укIэсу хамэ уанэм
Хуэдэщ пхъым дунейр.

О, Кавказу си хэку дыщэ!
Си псэм уэрщ и гущэр.
Зэ сыпIуплъэу, уи псым сефэу,
ПхуэсщIам IэплIэ гуащIэу,
Хьэдагъэншэу, си гуфIэгъуэу,
СыпыкIынт си гъащIэм!

Сыт пхуэсщIэн, си лъэпкъ, сыт бжесIэн, си Хэку...

Зы адыгэ унагъуи щыIэу къыщIэкIынкъым илъэсищэкIэ екIуэкIа Кавказ зауэм и удын фIыцIэр зылъэмыIэса, абы имыгъэгыза, имыгъэгуIа... Зауэжьыр зэрыувыIэрэ илъэси 162-м нызэрыхьэса пэтми, лъэпкъым къридза уIэгъэхэр нобэр къыздэсым мэбжьыбжь, ахэр хэгъуэщэжакъым, гуащIэу зыкърегъащIэ. Ди лъэпкъым дежкIэ ар лъапсэрых зауэу къыщIэкIащ, кIуэдыпIэм иришащ. Архив дэфтэрхэр щыхьэт тохъуэ: пщIым щыщу бгъур зэбгридзри, щIы хъурейм трипхъащ, адэжь лъахэм къинахэри зэпэIэщIэ ищIащ.

ДИ ТХЫДЭМ дыщыхуеплъэкIыжкIэ, блэкIам и жьауэр нобэм къызэрытридзэр, абы ди щыIэныгъэр зыкъомкIэ зэриубзыхур къыдгуроIуэ. Ауэ дэ дыхуиткъым ди лъэпкъым и нэгу щIэкIа гузэвэгъуэхэр тщыгъупщэну, сыту жыпIэмэ абы дызэрешалIэ, зы дещI, дызэкъуегъэувэ. Апхуэдэу щыт пэтми, блэкIар зыужьыпIэ къыдэзымыт хьэлъэ хъункIи Iэмал иIэкъым.

Илъэс къэс накъыгъэм и 21-м зэрыадыгэ дунейуэ япэ ища адэжьхэм яхуэщыгъуэу зы меданкIэ къызэтоувыIэ. А махуэм къызэщIиубыдэ псори апхуэдизкIэ куущ икIи лъащIэншэщи, нэрымылъагъу къуэпсхэмкIэ зэрипх хэкурысхэри хэхэсхэри псэкIэ зэрыщIэм хуэдэщ. ИтIанэми, щыгъуэм дыхэтми, лъэпкъым зэрызиужьынум, и гуащIэр ихъумэу адэкIэ зэрыкIуэтэнум дегупсысын хуейщ. Щыгъуэм псэр игъэкъабзэми, дыщIэщыгъуэм дерс къыхэхыным нэхъ фэеплъыфI лъахэр хъумэным зи псэр щIэзытахэм яхуэдгъэувыфыну къыщIэкIынкъым. Къызэтеувыпэ имыIэу щхьэхьу кIуэ дунейм зехъуэжри, абы и щхьэлым зыдедмыгъэхьэжэу ди лъэпкъыщхьэмрэ анэдэлъхубзэмрэ тхъумэну къытпэщылъщ.

ЦIыкIу хъууэрэ екIуэкI дунейм къытщIэхъуэ щIэблэм щыщ куэд тфIегъэкIуэд, къызыхэкIа лъэпкъым пэIэщIэ хуищIу, я бзэр яIэщIихыу. Зи пащхьэ дит шынагъуэхэр зэрызэгъэпэщыжыгъуейр къыдгурыIуэу, щыгъуэ Iуэхухэм фIым дезышалIэ гупсысэхэр къыхэтхыну ди хьэкъщ. Зызыхъуэж гъащIэм лъэпкъ мащIэм ущыщу ухэтыныр къызэрымыкIуэу гугъущ, лэжьыгъэшхуэщ, гуащIэ мащIи текIуадэркъым. Лъэпкъыр щыIэнуми щымыIэнуми куэдым епхащ. Псори къыщежьэр унагъуэращи, абдеж анэдэлъхубзэр щымыIужмэ, нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри а бзэмкIэ щызэмыпсэлъэжмэ, сыт хуэдиз къэрал жэрдэми къыхэлъхьэ, щэнхабзэр пхуэхъумэнукъым, пщэдейрей махуэхэми лъэпкъыщхьэри пхунэхьэсынукъым. Лъэпкъыр псэууэ къызэтенэныр мащIэ дыдэм деж къыщожьэ: гущэкъу уэрэдымрэ унагъуэм ис нэхъыжьхэм хуащI пщIэмрэ. Анэм и гущэкъу уэрэдыр анэдэлъхубзэкIэ зэIузыщэ, нэхъыжьым и пщIэр зыхъумэ лъэпкъым Тхьэр къетащ...

А псор зэбгъэхъулIэным сыт хуэдиз гугъуехь пыщIами, дэ Iэмал щIагъуэхэр диIэщ зытхъумэжыну. Нэхъыщхьэ дыдэу къыхэгъэщыпхъэхэм ящыщщ лъэпкъым и шыIэныгъэр, Iущыгъэр, зэпIэзэрытагъэр. Интернетымрэ бжыгъэрылъанэ IэмалхэмрэЩIы хъурейм щикъухьа лъэпкъыр дызэрапх, зы псэкупсэ дуней къагъэщIу. Сыт хуэдиз шыIэныгъэт лъэпкъым иIэн хуеяр, а щытыкIэм къэсын, ар зэрызихъумэжынум хуигъэлъэщэн папщIэ? МащIэкъым, ауэ лъэкIащ. Ди нэгу щIокI адэжь щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм псэщIэ къазэрыIукIэжыр: уэрэдыжьхэмрэ пшыналъэхэмрэ утыкур яубыдыж, хьэщIэщ хабзэхэр къощIэрэщIэж, анэдэлъхубзэр зэрызрагъащIэ бгъэдыхьэкIэхэм зауж, лъэпкъ IэщIагъэхэр къоунэхуж, щIалэгъуалэр зэкъуэзыгъэувэ Iэмалхэр нэхъыбэ мэхъу. Сыт хуэдиз Iущыгъэт ббгъэдэлъын хуейр, а Iуэху щIэкIэм укъекIуэлIэн папщIэ? Ари мащIэкъым, зэтрихьа фIыгъуэбэр зэтрихыжурэ абыи лъэпкъыр къекIуэлIащ. Иджы ди пщэрылъ нэхъыщхьэр а къежьапIэ дахэхэм я псыпэ егъэгъуэтыжыныращ, зыужьыпIэм хуэшэныращ, лъэпкъым нэхъри зэрызыкъиIэтын гуащIэу зэщIэузэдэныращ.

Адыгэхэм дапщэщи хузэфIэкIыырт дунейм къыщекIуэкI Iуэхугъуэхэри акъыл бзыгъэкIэ зэрагъэзэхуэну. Пэжщ, урбанизацэкIэ зэджэ иджырей щыIэкIэм игъащIэми къыддэгъуэгурыкIуэу щыта псэукIэм щысхырабгъу хуищIыркъым: щIалэгъуалэр бзэри хабзэри щахъумэ къуажэхэм къыдеш, лэжьапIэ къалъыхъуэу хамэ щIыпIэхэм ирешажьэ, и къуэпсхэм пэжыжьэ яхуещI. ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа лъэкIыныгъэ псори хуэунэтIын хуейщ щыхьэрышхуэхэм Iэпхъуа ди цIыхухэр абдежи адыгэу къызэрызэтринэным. ЩIалэгъуалэр дэзыхьэх, иджырей гъащIэм и щытыкIэм пэджэж щэнхабзэ икIи жылагъуэ гъащIэ къызэрызэгъэпэщыпхъэм дегупсысыну ди къалэнщ. Зы лъабжьэрэ зы тхыдэрэ зэрыдиIэм дызэришалIэурэ, хэкурысхэри хэхэсхэри зэрызэфIэмыкIуэдыным, зы дуней лъагъукIэм и нэщэнэхэр зэрызэрахьэным, адыгагъэмрэ цIыхугъэмрэ зэхуэдэу зэрызыхалъхьэным и хэкIыпIэхэр къэлъыхъуэн хуейщ. Лъэпкъ интеллигенцэм и мыхьэнэр мы Iуэхур зэтеубла хъунымкIэ къызэрымыкIуэу инщ. Адыгэхэр лъагэу зыIэтынур пщэдейрей махуэхэм зэреплъ щIыкIэрщ, гушхуауэ зэрыхыхьэфырщ. Арыххэуи, дыкъызэкIуалIэр щIэныгъэращ. Ар лъэныкъуэ куэду зэкIэщIэкI фIыгъуэшхуэщ. Адыгэ цIыхур дэнэ щIыпIэ кIуэми, адыгэбзэрэ адыгагъэрэ къыкIэлъызезыхьэн цIыху гъэсэным ди гуащIэр едмытынкIэ Iэмал зимыIэщ. Ар къыдэхъулIэмэ, зэи дызэрымыкIуэдыжынум и шэсыпIэ дихьа мэхъу.

ДыхэкIуэдэжауэ зыукъуэдийхэм къытхапщэну зыхуей гупсысэ пхэнжхэм дакъызэрыбгъэдэкIын къару зыхэдмыгъуэтэжу хъунукъым. Адыгэхэр къызыпхыкIа бэлыхьлажьэ псори къэплъытэмэ, куэдым текIуа лъэпкъщ: и бзэр ихъумэжакъэ, тхыбзэ зыIэригъэхьакъэ, лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ гъуэгущIэ тришакъэ?! Куэд жыпIэфынущ! КъыдэкIуэтей щIэблэм бгъэдэтлъхьэжыну дызыхущIэкъу лъапIэныгъэхэм фэрыщIыгъэ хэлъынкIэ Iэмал зимыIэщ. Дызыхуейр къыщыдэхъулIэнур нэхъыжьхэр щапхъэ дыхъуу щытмэщ. ЩIалэгъуалэм фэрыщIыгъэр зыхащIэ, абы Iуегъэщт. Дэ къэтлъыхъуэ пкъыр ди щыIэкIэкIэ щIэблэм хэтлъхьэфмэ, иджырей дунейм хэкIуэдэнукъым, ди адэжьхэр щIэзэуари пщIэншэ хъунукъым. Куэд дыдэ тлъэкIынущ, ауэ дэтхэнэми ди лъэпкъым и пащхьэ къалэн зэрыщыдиIэр зыхэтщIэжу щытмэщ ар къыщыдэхъулIэнур.

ЗыпхыкIа гугъуехь псоми япсыхьащ адыгэр, нэхъ Iущи ищIащ. Накъыгъэм и 21-р абы и тхыдэм щыгъуэ-щIэж махуэу къыхэнащ, дунейм тетыну хуит зыщI уасэу щIитар игу къигъэкIыжу. Апхуэдэ дыдэуи абы дигу къегъэкIыж ди ужь къинэнухэмрэ къиувэнухэмрэ къахуэдгъэнэн хуей щIэиныр тхъумэну тхьэлъанэ зэрыдигъэщIари – дызэрыадыгэ къудейм апхуэдэ тхьэрыIуэ зэрыщыIэр хьэкъ къытщещI гъащIэм.

Зэзэмызэ сыщегупсыс щыIэщ, сыт пхуэсщIэн, си лъэпкъ, сыт бжесIэн, си Хэку, жысIэу. Ди тхыдэр пыуда хъуакъым, абы къыпыдощэ, щыIэныгъэм дыхэтщи, схузэфIэкIыр пхуэсщIэнщ, жысIэу аращ жэуапу си щхьэм къихьэри. Пэж дыдэу, ди тхыдэм и напэкIуэцIхэм нобэми дытотхыхь, ди гуращэхэм гъунэгъу дыхуащIу, ди гум щыблэ мафIэр имыгъэкIуэсэжу, лъэпкъыу дызэрыщыIэмрэ ди лъахэр тхуэзыхъумахэмрэ я фIэщхъуныгъэр дымыгъэкIуэду.

Накъыгъэм и 21-р тхьэгъуш макъым ещхьщ, къыпыIукI макъхэм «адыгагъэ зыщывмыгъэгъупщэ» жаIэу. ДыщIэгъэдэIу а макъым, зэхэдгъэх абы къыджиIэр, хэдгъалъхьэ ар ди гъащIэм, зыми хуэзмыгъадэ си лъэпкъ уардэ!

ТАБЫЩ Мурат,
«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.

Яшэчар псалъэм пхуигъэзэгъэнукъым

Ставрополь крайм хыхьэ Радугэ жылагъуэм тхыдэмрэ обществознаниемрэ щрегъаджэ Казаковэ Наталье. «Кавказ зауэр и кIэм нэзыгъэса цIыху» зыфIища и лэжьыгъэм егъэджакIуэр щытопсэлъыхь Къухьэпlэ Кавказым лъапсэрыхыр къыхуэзыгъэкIуа урыс генерал Евдокимов Николай зэрихьа лейм. Ауэ ар, дауи, къызэригъэлъагъуэр лIыгъэ хуэдэущ.

УКЪЫЗЫФIЭМЫIУЭХУМ, уи гуныкъуэгъуэ зыхэзымыщIэм и нэкIэ ущызэплъыжкIэ нэхъ наIуэ мэхъу теплъащIэ зэпыту фIэкIа узытемыпсэлъыхьыф тхыдэм и Iыхьэхэр. Урыс къэхутакIуэхэм, тхакIуэхэм, философхэм нэгъунэ ялъагъу хъуркъым Евдокимовыр, апхуэдизкIэ абы адыгэхэм ярищIар яфIэгущIэгъуншагъэщи. Ауэ Казаковэ Наталье къызэрыфIэщIымкIэ, Евдокимовым нэмыщIамэ, Кавказ зауэр зэи иухынутэкъым, «бийр» зыгъэувыIари абы и унафэ щхьэпэхэрщ.

Евдокимов Николай хуэдэу адыгэ лъэпкъгъэкIуэдым зи цIэр Iейкlэ къыхэщ куэд узэрыримыхьэлIэр тхыдэмкIэ щIэныгъэ гуэр зыбгъэдэлъым ещIэ нобэ. Арагъэнщ егъэджакIуэм и хэкупсэ гурыщIэхэм щыхьэт яхуищI хъыбархэр гум банэу щIыхэуэр.

«А лъэхъэнэм КъуэкIыпIэ Кавказыр ягъэбэяуакIэт, ауэ Къухьэпlэ Кавказым Iуэхур щIэх щызэфIэкIыныфэтэкъым, - етх Казаковэм. – 1860 гъэм Барятинский Александр Iуэхум нэхъ тегушхуауэ бгъэдыхьэн зэрыхуейр къыгурыIуэри, абдежым щыIа дзэ псоми я унафэщIу Евдокимов Николай игъэуващ. ШыщхьэуIум и кIэм Барятинскэм Владикавказ зэIущIэ щригъэкIуэкIри, унафиплI къащтащ: 1) Къухьэпlэ Кавказыр къэзэун. 2) Чыристаныгъэм зегъэубгъун. 3) Къэзакъыдзэр щIэрыщIэу зэгъэпэщыжын. 4) Кавказ линиер тIу ищIыкIын. Унафэр къэзыщтар цIыхуищщ: генерал Филипсон Григорий, Барятинский Александр, Евдокимов Николай. Иужьрейм къыхилъхьа унафэмкIэ, Лабэрэ Щхьэгуащэрэ деж Iус абазэхэхэр, шапсыгъхэр, убыххэр хы ФIыцIэ Iуфэм ирахулIэу, е Ставрополь губернием, е Тыркум Iэпхъуэну паубыдын хуейт. Арати, узыншагъэ Iуэхукlэ унафэр зыщхьэщаха Барятинскэм Кавказым щимыгъэзэжым, а къалэныр Евдокимовым и пщэм къыдэхуащ».

Девгъэплъыт егъэджакIуэм адыгэхэр зэтеукIэн е я Хэкум ихун зэрыхуейр зэригъэзахуэ «гупсысэ пэжхэм»: «Мы политикэ программэр къыбгурыIуэнущ, Евдокимовым и пщэм къыдэхуа къалэныр зыхуэдэр зэхэбгъэкIмэ. Къухьэпlэ Европэм Кавказым мурад щхьэхуэхэр къыхуиIэт, къебгъэхъулIэ мыхъуну. Кавказыр абыхэм жыIэщIэ яхуэхъуу Урысейм къемыбгъэрыкIуэжыфын хуэдэу ищIыну хуейт Евдокимовым. Аращ абы щIыналъэр къызэраубыдым нэмыщI, абдежым урысхэр ирагъэтIысхьэныр фIэкIыпIэншэу щIигъэувар. Гъуэгухэр яухуэу, мэзхэр ираупщIыкIыу, бгырысхэр тафэм е Тыркум ягъэIэпхъуэу, абыхэм хуит ящIа щIыпIэ дыдэм занщIэу урысхэр ирагъэтIысхьэу – а Iэмалыр мыбдежым ехъулIэныгъэкIэ къыщагъэщхьэпащ».

АдэкIэ къокIуэ Евдокимовым зэрихьа лIыгъэм и щапхъэхэр:

«1860 гъэм и кIэм шапсыгъхэр ди дзэм гуащIэу къапэуват, ауэ щыхъукIэ, натыхъуейхэр ди зауэлIхэм гуапэу къаIущIэрт, абазэхэхэм зэгурыIуэныгъэ къращIылIэну хэтт. Гъэм и кIэм Евдокимовым шапсыгъхэр къурш щIыбым щхьэприхури, хы Iуфэм Iуихуащ. 1861 гъэм Лабэ Iуфэм Iута гъунапкъэр Фарс псыежэхым деж яхьакIэт. Лъэпкъ цIыкIу гуп абдежым щысахэр (кIэмыргуейхэр, беслъэнейхэр, къинэмыщIхэр) зэтраукIащ, е езыхэр Тыркум щтапIэ щихьэжащ. Урысхэм я текIуэныгъэхэм игъэгужьея абазэхэхэм зэгурыIуэныгъэр къыхахащ. Ауэ Евдокимовым ар яхуидакъым. Абы лIыкIуэхэм яжриIащ гъунэгъу Iэсэ къызэримылъыхъуэжыр: зэрыщыту затри, къыхуагъэлъагъуэ щIыпIэхэм мэIэпхъуэ. ПIалъэу мазэ ярет. Арати, Фарс и Iуфэм ирикIуэу плъырыпIэ игъэуври, 1862 гъэм и мазаем Щхьэгуащэрэ Лабэрэ я зэхуакур игъэкъэбзащ».

«Игъэкъэбзащ» псалъэм къикIыр псоми къыдгуроIуэ. «Абдежым щыса лъэпкъ цIыкIу гупыр» щыжиIэкIэ, ахэр гулъытэ зэтын хуей гуэру къызэримылъытэр нэрылъагъущ.

НэгъуэщIущ Евдокимовым зэрытепсэлъыхьыр урыс щIэныгъэлIхэмрэ екIуэкIа Iуэхур зи нэгу щIэкIа тхакIуэхэмрэ. Мы генералыр къэпцIыхун папщIэ, адрей псом нэхърэ нэхъ къосэбэп Геленджик щыщ урыс публицист Тихомиров Лев и «ГукъэкIыжхэр»: «Евдокимовым адыгэхэм зэрызебгъэзэгъын е уазэрыгурыIуэн Iэмал мы дунейм темыту, ахэр псэууэ къагъанэмэ, Урысейр бэлыхь хэмыкIын хуэдэу иукъуэдият, апхуэдэу ямыщIэмэ, ахэр Тыркумрэ Къухьэпlэ къэралхэмрэ жыIэщIэ яхуэхъун шынагъуэм щигъащтэу. Арати, Урысейм и Iуэху дэкIын папщIэ, адыгэхэр зэтрамыукIэу мыхъуну жиIэри къэуващ. Дауэ? Зэрынэхъ тыншым хуэдэу: Тыркум ибохури, абыхэм хуит ящIа щIыхэм урыс цIыхубэр ибогъэтIысхьэ. Зы лъэпкъым адрей лъэпкъыр зэтриукIэныр и гущIэгъуншагъкIэ игъащIэм къэмыхъуа щапхъэт, ар зигу къэкIыфынури Евдокимовым хуэдэ цIыхут. МэкъумэшыщIэ щылъхур дзэм хыхьэу офицер зыщIар и хэлъэтратэкъым, зэрызыщымысхьыжырт. ГущIэгъум хуэхей мыжьыкъылът Евдокимовым и лъынтхуэм ирижэр, езым и Iуэху щыдигъэкIкIэ, щысхь жыхуаIэр зыхимыщIэжу. Гу зимыIэ, тхэкIэ-еджэкIэ зэрищIэ къудейм укъыфIэкIмэ, щIэныгъэ зыбгъэдэмылъ абы урысхэмрэ адыгэхэмрэ зэпилъытри, «гъэбэяуныр» «зэтеукIэн» ІэмалымкIэ зэфIигъэкIыну иужь ихьащ».

«1863 гъэм Евдокимовым къиубыда щIыхэм къэзакъ унагъуэ мини 4 иригъэтIысхьащ, станицэ 24-м игуэшауэ, - етх Казаковэм. – Абы хуэмурэ хы ФIыцIэ Iуфэр IуигъэкъэбзыкIырт. Хамэ къэралхэм я кхъухьу къекIуалIэхэм емылIалIэу псым щIрагъэлъэфэныр и унафэт, Iэщэ зыIыгъыу къаубыда псори щхьэпылъэ ящIырт. 1864 гъэм и кIэм Псыжьрэ хы ФIыцIэмрэ я зэхуакум къэзакъ станици 111-рэ щаухуащ, я унагъуэхэр я гъусэу ягъэIэпхъуа къэзакъхэм я бжыгъэр цIыху 142333-м нэсырт».

«КъэIэпхъуэхэм куэд хуащIэрт, - етх Тихомировым. – Дзэм хэтхэм папщIэ унэхэмрэ гуэнхэмрэ яухуэрт, уеблэмэ члисэхэр зэращIын ахъшэ хухагъэкIырт, кIэзонэ мылъкум щыщу илъэсищ-тхукIэ зыхэпсэукIын иратырт. Ауэ шынагъуэр нэгъуэщIт. Императорым адыгэхэм къащыщIар и гум ежалIэу, ахэр Хэкум ихун Iуэхур къигъэувыIэнкIи хъунут. Арати, напэ къахуэмынэжауэ, иIэпхъукIа адыгэхэм я бжыгъэр ягъэмэщIэн щIадзащ. Иджыпсту къысхуэщIэжынукъым, ауэ бжыгъэхэр тхукIэ, пщIыкIэ ягъэмэщIаурэт тхылъымпIэхэм зэрыратхэр. Ахэр зы дакъикъэ закъуэкIэ фIэкIа я фIэщ хъунутэкъым зыми, ауэ бытырбыху офицерхэмрэ императорымрэ къэбгъэпцIэн папщIэ, зыхуейри а дакъикъэ закъуэрт. ХьэкIэкхъуэкIагъэ зыхэлъ мы цIыху зэтеукIэкIэр - нэгъуэщI псалъэ къысхуэгъуэтыркъым - илъэсиплIкIэ екIуэкIащ, 1863 гъэр и гуащIэгъуэу. Адыгэхэм яшэчар псалъэм пхуигъэзэгъэнукъым».

Апхуэдэущ адыгэхэми Евдокимовыр къызэрытщыхъур, нэгъуэщI еплъыкIэ зиIэхэр щыIэу щытми. Ауэ лъэпкъ щхьэхуэр бийуэ е ныбжьэгъуу зэрыщымытым и щыхьэтщ Казаковэмрэ Тихомировымрэ я Iуэху еплъыкIэр зэрызэтемыхуэр.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Къэзызэзум дежкIэ IэмалыфIт

Потто Василий «Кавказская война» и тхылъиплIым ящыщу етIуанэм хэт «Ермоловское время» и Iыхьэм и зы едзыгъуэщ «Покорение Кабарды» зыфIищар. Зауэшыхэм къыжраIам къатрипщIыкIыжу, тхакIуэм ди пащхьэ кърилъхьар апхуэдизу телъыджащэщи, къэбэрдей адыгэхэр къуршхэми дызэрыщыпсэуар ди фIэщ тщIыжыфынымкIэ а зымкIи дрикъунущ, нэгъуэщI щыхьэти дымылъыхъуэу.

IУЭХУМ щымыщ хуэдэу, абыи и гугъу щIэтщIар мыращ. Иджырей ди гъунэгъухэм ящыщ языныкъуэ «лъахэхутэхэм» Интернетым, увыIэгъуэ ямыIэу, зэрыщагъэхъыбарымкIэ, къэбэрдей адыгэхэр зэи къуршым дисакъым, «ари ди Хэкужьщ» жытIэнри Iэмал зимыIэщ, кIуэ туристу ихьэмэ тщIэркъым, армыхъуамэ...

А Iуэхум ехьэлIауи, Потто Василий и тхылъым къыхэтхар зэрыкуэдыщэм къыхэкIыу, абы щыщу гу нэхъ зылъытапхъэхэр къедбжэкIынщ.

1821 - 1822 гъэхэм я щIымахуэр Къэбэрдейм дежкIэ псэзэпылъхьэпIэ дыдэт, и тхыдэ уардэми и зэпыщIыкIыпIэт. Тхылъым зэритымкIэ, абы ипэкIэ урыс пащтыхьым и дзэм къэбэрдей адыгэхэм яхуэгъэзауэ иригъэкIуэкIар «ауэ сытми къызэрыгуэкI теуэ кIэщI цIыкIухэт». Сыту жаIэмэ, урысыдзэм и нэхъыбэр Шэшэнымрэ Дагъыстэнымрэ зыкъыщызыIэт хэкурысхэм ираухтын хуей хъурти.

Ауэрэ здекIуэкIым, Кавказым щыIэ дзэ псоми я Iэтащхьэ Ермолов Алексей 1821 гъэм и фокIадэм, Петербург къызэрикIыжу, унафэ къищтащ Къэбэрдейр зыхутемыкI и щхьэхуитыныгъэм, алъандэрэ зэрыщымытауэ, кIэ зэрыритын Iэмалхэм яужь ихьэн зэрыхуеймкIэ.

Дзэпщ емылыджым къыхилъхьащ, адрей и щIы псори къыIэщIагъэкIа иужькIэ, Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ я зэныкъуэкъупIэ гъунапкъэу зэман гуэркIэ къекIуэкIам къыфIэкIыу, Балъкъи Тэрчи къыщхьэпрыкIыу, я Хэку къафIина адыгэ тIэкIум (иджырей Осетие Ищхъэрэ - Аланием тафэмкIэ щыIэ и щIыгури хэту) къатеуэу, Владикавказ къалэм деж къыщегъэжьауэ къухьэпIэмкIэ Гумышхуэ, иджырей Кисловодск (Нартсанэ) адэкIэ, и тIуащIэм нэсыху быдапIэхэр щаухуэну, къуршылъэ къуэладжэхэм къафIыдэна адыгэхэр къыдамыгъэкIын, тафэм исхэри дамыгъэхьэн хьисэпкIэ.

Ар икъусыкъужкIэ Iэмал бзаджэт икIи гущIэгъуншэт. Сыту жытIэмэ, дэнэкIи къикI бийр Къэбэрдейм и тафэм къызэриужьгъэу, щыпсэухэм зыгъэпщкIупIэфIу яIар къырылъэ жьанэхэм адкIэжкIэ щыIэ щIыпIэхэрт. Ар япэрауэ. ЕтIуанэрауэ, урысхэм Псыхуабэрэ Нартсанэрэ яубыда иужькIэ, къэбэрдей адыгэхэр Псыжь адрыщIкIэ щыпсэуа я лъэпкъэгъухэм зэралъэIэсыр бгылъэхэмкIэт. АтIэ, мис а IэмалитIыми хагъэкIыжырт ди лъэпкъэгъухэр.

«КIуэ, насып уимыIэмэ е и щIыб къыпхуигъазэмэ сыт пщIэжын?» жыхуаIэр арати, зи гугъу тщIа илъэситIым, 1821 - 1822 гъэхэм, я зэхуаку дэта щIымахуэр ямылейуэ щIыIэу къахущIэкIащ ди лъахэгъухэм. Абы къыдэкIуэуи, урыс пащтыхьыдзэр, хъийм икIауэ, а зэман дыдэм хуэкIуэу къизэрыгуащ Къэбэрдейм къыхуэна и щIы тIэкIуми (иджырей Осетие Ищхъэрэ - Аланием къухьэпIэмкIэ щиIэ и мэзылъэ жьэгъухэри хэту).

Ар къррикIуащ Ермоловым и тепыIэншагъэм. Дзэ пакIэхэм Къэбэрдейр дэнэкIи щыщIащыкIырт, зрихьэлIэр ягъэсрэ дэсхэр зэхэзехуэн ящIу, къапэувыр зэтраукIэрэ я лъапсэми псыр ирагъэжыхьыжу.

ХьэкIэкхъуэкIагъэу къыкIэлъызэрахьэм къыхэкIыу, хэкурысхэр бгыхэм нэхъри дыхьэжын хуей хъурт, щIымахуэ щIыIэм гугъу дыдэ щригъэхьрэ я Iэщри мэкъумылэкIэ къыщызэрамыгъэпэщыфу (апхуэдэхэм дежт ахэр тафэм нэхъ щыхуэныкъуэри).

Щхьэхуитыныгъэм къахутемыкI адыгэхэм япэу удын къезыдзар штабс-капитан Токаревым и дзэ пакIэрщ. «Къэбэрдей полк» зыфIащар и гъусэу къуршхэми нэсщ, къапэувахэр щызэтраукIэщ, зрихьэлIа IэщышхуэмщIыщу миным нэблагъэр къыщрахужьэри, тафэм къытехьэжащ (Потто Василий зэритхымкIэ).

1822 гъэм Ермоловым Екатериноград (иджырей Прохладнэм къухьэпIэмкIэ щыIэ къэзакъ жылэщ) деж лъэсыдзэу батальонитI, топыщIэхэм хуэдэу 8, гъунапкъэхъумэ къэзакъыу 300 щызэригъэуIури, КъэбэрдеймкIэ къиунэтIащ.

Урыху, Шэрэдж, Налшык, Шэджэм псыежэххэм я тIуащIэхэр щыщIищыкIым, дзэзешэ емылыджым «хузэфIэкIащ» къыпэмылъэщахэм я къуажэ зыбжанэ щызэтригъэсхьэн, Налшык и псыхъуащхьэхэм шы табынышхуэрэ мэлу мини 4-м нэблагъэрэ къыщрихужьэн, Шэджэм и къуршылъэхэм къуажэшхуэ щызэхикъутэн.

Бахъсэн и тIуащIэ Iузэвым деж дзэ пакIэхэр щызэIущIэри, ипщэкIэ драгъэзеящ. Ермоловыр псым и ижьрабгъу лъэныкъуэмкIэ Iуту, генерал-майор Сталь Карл и гупыр - сэмэгумкIэ декIуэкIыу. Пэжщ, мыбдежым (Бахъсэн и псыхъуэ кIыхьым) дзэлIхэр ямылейуэ гугъу щехьащ (Потто зэритхымкIэ).

1822 гъэм и шыщхьэуIум Ермоловым и дзэ пакIэхэр аргуэру Къэбэрдейм кърищащ, афIэкIа зэрыримышыжын Iэмалхэм лъыхъуэу. Тэрч къызэпрымыкI щIыкIэ, дзэхэр тIууэ игуэшащ. Зым щыщхэм, жьэгъу мэзхэм я лъабжьэкIэ щаукъуэдийуэ, «Къэбэрдей линиещIэ» зыфIащам хагъэхьэну быдапIэхэр яухуэн хуейт, мыдрейм хэтхэр зэран къахуэхъуну зи мурад бгырысхэм япэувыпхъэт.

Къэбэрдей линиещIэр щыпхашар, къытыдогъэзэжри, Владикавказрэ Псыжьрэ я зэхуаку дэт мэзылъэ жьэгъухэм я лъабжьэкIэт, бгылъэ-къуршылъэхэмрэ сэтей щIыпIэхэмрэ зэхагъэщхьэхукIыу.

Потто Василий къызэрыхигъэщымкIэ, Къэбэрдейр «къызэрагъэIэсар» IэмалыфIт Кавказым зыкъэзымыт и лъэпкъхэр тIу иращIыкIыу, щIыналъэкIэ зэлъамыгъэIэсынымкIи, Кавказ ЩIыбым (Закавказье) «шынагъуэншэу» зыпащIэнымкIи (бгыщхьэ гъуэгур Тэрч и сэмэгурабгъумкIэ къахьа иужькIэ), езы адыгэхэр зэрамыгъэIыгъынымкIи...

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Бзылъхугъэхэри хэтащ а зауэм

Европей зыплъыхьакIуэхэм зэратхыжамкIэ, адыгэ пщащэхэри зауэ губгъуэм иту щытащ, цIыхухъухэм ящIыгъуу биидзэм пэщIэту. 19-нэ лIэщIыгъуэм ипэхэм Адыгэ Хэкум щыхьэщIа британ зыплъыхьакIуэ Спенсер зэрыжиIэмкIэ, «адыгэхэм я бынхэм Iэщэ яхуэIэту зэрыхъуу ягъэшэсырт, зэуэкIэ ирагъащIэрт, уеблэмэ зауэ губгъуэм бзылъхугъэхэми уащрихьэлIэрт».

ПЭЖУ, адыгэм и хэкур ихъумэнумэ, цIыхухъу-цIыхубз, ныбжь жаIэу зэхагъэжыртэкъым. Уеблэмэ дзэ, лъэпкъ псом бзылъхугъэр пашэу щыхэта къэхъуащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ пщащэхэм я цIэ куэд нобэм къэсакъым, ауэ зыгуэрхэри яхъумащ.

Убых лIыжь Щхьэбэ ХьэтIэхъу жиIэжу щытащ Нэгъуч лъэпкъым ящыщ пщащэм теухуа хъыбарыр. А хъыбарыр итхыжат 20-нэ лIэщIыгъуэм и 30 гъэхэм Шапсыгъым щыхьэщIа тхыдэтх Чистяковэ Еленэ. «ЛIы 15-м я пашэрэ пщIэгъуалэм тесу бийр зэтриукIэрт» [Чистякова Е. И., «Религия и бытовое положение женщины у шапсугов// Религиозные пережитки у черкесов-шапсугов: материалы шапсугской экспедиции 1939 года»/ под ред. С. А. Токарева и Е. М. Шиллинга. М., 1940.].

ЩыIащ Аркъуят и цIэу нэгъуэщI пщащи. Ар Кавказ зауэжьым хэтащ хьэжрэт уэрым и тету, лIыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу хэкум и хуитыныгъэм щIэбэну. Пщащэр 1859 гъэм гъэр щащIым зиукIыжат. Аркъуят зыхэкIуэда, Хуэдз жылэм щекIуэкIа зэхэуэм траусыхьыжа гъыбзэм къызэрыхэщыжымкIэ, зауэр махуиблкIэ мыувыIэу екIуэкIащ, хъыджэбзибли хэкIуэдащ. Аркъуят и гъусащ и шыпхъу нэхъыжь Бейдэмэт. ЗэрыжаIэмкIэ, Аркъуят сабий быдзафэ зэтIолъхуэныкъуэ иIэт а лъэхъэнэм.

Уигу къыумыгъэкIыжын плъэкIыркъым Къазий Хьэнифэ и хъыбар гуузри...

Кавказ зауэжьыр екIуэкIырт. Адыгэхэм загъэхьэзырырт ТIуапсы быдапIэр зэхакъутэну. Шапсыгъым щыцIэрыIуэ пщащэ, Къазийхэ Хьэнифэ дахэм къылъыхъуат дзэзешэ къэхуэ Къуэджэбэрдыкъуэ Мыхьэмэт. А зэман хьэлъэр нысашэм, хьэгъуэлIыгъуэм темыгъэпсыхьами, Хьэнифэ арэзы хъуат и насыпыр Шапсыгъым и щIыбкIи зи лIыгъэр щызэлъащIыса щIалэ бжьыфIэшхуэм ирипхыну. Хъыджэбзым зэхихат Мыхьэмэт сымэ ягъэхьэзыр теуэныгъэм и хъыбар. Арати, а зэманым къекIуэкIыу щыта нысэ уасэм и пIэкIэ зи лъэпкъым и къэкIуэнум хуэгумэщI бзылъхугъэ Iущым Мыхьэмэт хуигъэуват бийм и топ къуентхъыу къыхуишэмэ, абыкIэ арэзыуэ. Мыхьэмэти, и лIыгъэм къигъэгугъэрти, апхуэдэ уасэм йоувалIэ...

Адыгэдзэр ТIуапсы быдапIэм тоуэри зэхакъутэ. Мыхьэмэт урыс топыр къуентхъ къещIри, Хьэнифэ дахэм къыхуешэ. Ауэ езыри уIэгъэ хьэлъэу, шэм зэщIиблауэ къашэж. Мыхьэмэт и гъыбзэм мыпхуэдэу хэтщ ар къыщашэжым Хьэнифэ жиIауэ: «СыпыкъуокI гущэри, сыщыппыкъуэплъэкIэ, уей, и шытх гущэмэ лъы пцIыгъэр ити...».

Шэр къыщыхахыжми лIыгъэшхуэрэ шыIэныгъэрэ къегъэлъагъуэ, тIуэкIуи нэхъыфI къохъужри, абы щыгуфIыкIа джэгуакIуэм «Къуэджэбэрдыкъуэ Мыхьэмэт и шэхэхыж уэрэд» нэщхъыфIэр зэхелъхьэ. Ар псалъэ зыхэмыт макъамэ-уэрэдт, шыкIэпшынэкIэ ягъэзащIэу, ежьу щIэту.

АрщхьэкIэ куэд дэмыкIыу Мыхьэмэтыр къызэIохьэжри, уIэгъэхэм йолIыкI. Япэ уэрэдыр хузэхэзылъхьауэ щыта джэгуакIуэм зэуэ гъыбзэ еус.

Абы иужькIэ Хьэнифэ бзэхащ, здэкIуари къыщыщIари зыми ямыщIэу.

Зэгуэр шапсыгъ зауэлIхэм къахыхьащ щауэщIэ хахуэ, уеблэмэ иджыри пащIэ къытемыкIауэ щIалэщIэ дыдэ. Ар апхуэдизкIэ жант, зэуэр пигъэщу, зытригъапсэр пхиудырти, гъащIэ къэзыгъэщIа зауэлIхэм ягъэщIагъуэрт абы и лIыгъэр. Шыщхьэмыгъазэу зэуащ мыцIыхур, и цIи кърикIуакъым зэи. КъаукIыу шым къыщехуэхаращ ар зэрыпщащэри, зэры-Хьэнифэри къыщащIар. Мыхьэмэт илъ ищIэжауэ арат. И цIыхухъу пыIэр щхьэрыхури, абы щIэгъэпщкIуа щхьэцышхуэр къыщIэхуат, жи, и хъыджэбз куэншыбэри зэрыщыгът.

Адыгэхэм я закъуэ мыхъуу, дагъыстэн, шэшэн, ингуш бзылъхугъэхэм Кавказ зауэм щагъэлъэгъуа хахуагъэм тетхыхьащ Богуславский Л. А., Романовский Д. И., Милютин Д. М., Костенецкий Я. И., Чичаговэ М. Н., Шульгин С. Н., нэгъуэщIхэри.

Абыхэм я тхыгъэхэм къазэрыхэщыжымкIэ, цIыхухъу фащэкIэ хуэпарэ ялIхэм ябгъурыту, зыкIи къакIэрымыхуу зауэрт ахэр. Ягъэгушхуэрт я щхьэгъусэхэр. Уеблэмэ я сабийхэр къыздащтэурэ, зэхэуэ гуащIэм я нэхъ лыгъейм хагъэувэрт ялIхэр къимыкIуэтын, быным папщIэ я къару къихь къамыгъанэу зэуэн папщIэ. Бгырыс бзылъхугъэхэм бийм зэи зрагъэубыдыртэкъым, гъэр зрагъэщIыртэкъым, замытын щхьэкIэ я псэр пытыху зауэрт, къамэми, сэшхуэми, кIэрахъуэми зэхуэдэу хуэIэрыхуэт.

Языныкъуэ тхыдэтххэм бгырыс бзылъхугъэхэр пасэрей нэрыбгейхэм ирагъапщэрт, ахэр зэрыщыIам и щыхьэт куэд щIэныгъэм къимытIэщIами, Кавказ зауэм хэта цIыхубзхэм нэрыбгеилъ зэращIэтым шэч къытрамыхьэу.

ФЫРЭ Анфисэ.

Мыр сэ ситарихъ ЧIыгужъ

Адыгей

Шъыгъо-шIэжь мафэм ехъулIэу тиIофшIэгъоу, Тыркуем къикIыжьыгъэмэ къапыхъогъэ лIэужым щыщэу Нэрис Гогон (Кайхан) гущыIэгъу фэхъугъ илъэсий хъугъэу тикъэралыгъо щыпсэурэ Лащэ Сердар.

- Пшъхьэ къырыкIуагъэм фэгъэхьыгъэу тIэкIу къытфэпIотэгъагъэмэ дэгъугъэ.

- Сэ сцIэр Лащэ Сердар, илъэс 20 сыныбжь. Тыркуем икъалэу Амасие сыкъыщыхъугъ ыкIи сыщапIугъ. Илъэси 8 хъугъэу Урысыем сыщэпсэу. Апэ Щэрджэскъалэ тыдэсыгъ, ащ нэужым сыщеджэным ыкIи Iоф щысшIэным пае Мыекъуапэ сыкъэкIуагъ. ИскусствэхэмкIэ колледжэу Тхьабысымэ Умар ыцIэкIэ щытым сыщеджэ, я 3-рэ курсым сис.

- О Тыркуем укъыщыхъугъ ыкIи ущапIугъ. А лъэхъаным Хэкужъым епхыгъэу сыд фэдэ гупшысэха пшъхьэ илъыгъэхэр? Мыщ укъызэкIожьым пстэуми апэу сыд фэдэ зэхашIэха уиIагъэхэр? Тарихъ Хэкужъым къызыогъэзэжьым сыд фэдэ гупшысэха узэлъызыштэгъагъэхэр?

- Сянэу Лащэ Хьалимэт ылъапсэкIэ къуаджэу Хьабэз щыщ, ащ къыхэкIэу сыцIыкIузэ тиIахьылхэр зыщыпсэурэ чIыпIэм сыкъыдащэу хъущтыгъэ. Хьабэз сыкъакIо къэс згъэзэжьынэу сыгукIэ сызэрэфэмыер зэхасшIэщтыгъ. Мыр сиунэу слъытэщтыгъ ыкIи силъэныкъо гупсэ сыщыпсэу зэрэсшIоигъор ренэу сшъхьэ илъыгъ.

Нэужым, тятэ иIофшIэн епхыгъэу, тиунагъо зэрэпсаоу мыщ къыгъэзэжьыгъ. Щэрджэскъалэ дэт еджапIэм сычIахьи, я 5-рэ классым къыщыублагъэу я 11-м нэс сыщеджагъ. Ащ нэужым искусствэхэмкIэ колледжэу А. Даурым ыцIэкIэ щытым сычIэхьагъ, ащ нэужым Адыгеим еджэныр щылъызгъэкIотэнэу тесыубытагъ ыкIи Мыекъуапэ зыкъэзгъэзагъ.

СыныбжьыкIэ дэдэу къызэрэзгъэзэжьыгъэм къыхэкIэу сидунэететыкIи, сизэхэшIыкIи ЧIыгужъыр ары псыхьагъэ зыщыхъугъэр. Непэ Мыекъуапэрэ Щэрджэскъалэрэ ябгъапшэмэ, Тыркуер нахь пэIудзыгъэу, нахь хымэу къысщыхъу хъугъэ. КъэлитIум сащыщэу зысэлъытэжьы ыкIи ахэмэ садэкIэу зыгорэм сыкIомэ сырэхьатырэп.

- Тыркуем шъущыпсэу зэхъум шъуиунагъо адыгэ хабзэхэмрэ лъэпкъыбзэмрэ къыщышъуухъумэщтыгъэха? УипIункIэ хэта анахь лъэшэу зифэмэбжьымэ къыптырихьагъэр, зынаIэ къыптетыгъэр?

- Тиунагъо ренэу адыгабзэкIэ щыгущыIэщтыгъэх, арышъ, сыбзэ дэгъоу сэгъэфедэшъу. Сянэ бэ къысфиIуатэщтыгъэр тилъэпкъ ихэбзэ-зэхэтыкIэхэм, икультурэ афэгъэхьыгъэу. Унэгъо кIоцIым къыщегъэжьагъэу лъэпкъэу сыкъызхэкIыгъэм итарихъ пытэу къыспкъырыхьэгъагъ.

Ащ нэмыкIэу гъэмафэ къэс Хьабэз сыщыIэщтыгъ. Сянэжъ ишIогъэшхо къысэкIыгъ лъэпкъ шIуагъэхэм сарыгушхоу ыкIи ахэр икъоу зэхасшIэхэу сыкъэтэджынымкIэ.

- IэкIыб щыIакIэмрэ Хэкужъымрэ язэпхынигъэ сыдэу уеплъыра? НепэкIэ а зэпхыныгъэхэр зэрищыкIагъэм лъыкIахьэхэу олъытэха?

- Лъэшэу сигуапэ Тыркуем истудентхэр гъэмафэ къэс лъэныкъо гупсэм къызэрэкIохэрэр. Сэ къиныгъоу зэпысчыгъагъэхэр къыдэслъытэхэзэ, ахэр хэгъозэжьынхэмкIэ сишIуагъэ ясэгъэкIы.

Тыркуем щызэхащэгъэ НыбжьыкIэ Хасэм илIыкIохэм ренэу гущыIэгъу сафэхъу. Адыгэ Хасэхэм зэхагъэуцорэ проектхэм, фестивальхэмрэ культурэм епхыгъэ нэмыкI Iофтхьабзэхэмрэ ныбжьыкIэхэм тызэгъусэу тахэлажьэщтыгъ.

Сэ къызэрэсшIошIырэмкIэ, непэ тIуачIэ зэхэлъэу диаспорэмрэ Хэкужъымрэ азыфагу илъ зэпхыныгъэхэр нахь пытэ зэрэхъущтхэм тыдэлажьэ. Ащ мэхьанэшхо иI.

- OркIэ жъоныгъуакIэм и 21-м сыд фэдэ мэхьана иIэр?

- ЖъоныгъуакIэм и 21-р, тилъэпкъ зэрэпсаоу фэдэу, сэркIи мэхьанэшхо зиIэ, гур зыгъэцIыкIурэ гупшысэ хьылъэхэу блэкIыгъэм епхыгъэхэр нахь лъэшэу зыщызэхэтшIэхэрэ мафэу щыт. БлэкIыгъэм ихъугъэ-шIэгъэ тхьамыкIагъохэм япхыгъэ шIэжьым мы мафэм нахьыбэмэ тарегъэгупшысэ, гууз-лыузэу хэмыкIокIэжьын тыркъоу лъэпкъым ар къытенагъ.

А мафэр шъыгъо-шIэжь мафэу зэрэщытым имызакъоу, зыкIыныгъэми имафэуи щыт. Тятэжъ пIашъэхэр а мафэм тыгу къэтэгъэкIыжьых, тикультурэ, тыбзэ, ти Лъэныкъо гупсэ шIуагъэу яIэр нахь зэхэтэшIэ.

СичIыгу гупсэ сызэрэщыпсэурэм, сызэрэщеджэрэм ыкIи Iоф зэрэщысшI-эрэм, лъэпкъэу сыкъызхэкIыгъэм изы Iахьэу сызэрэщытым кIуачIэ къысхалъхьэ. Ащ пае щыIэныгъэм сыфэраз.

- Творческэ IофшIэнэу бгъэцакIэрэм фэгъэхьыгъэу тIэкIу къытфэIуатэба!

- Илъэс 13 сыныбжьэу лъэпкъ къашъохэмкIэ ситворческэ IофшIэн езгъэжьагъ. Ащ нэуж, илъэс заулэ тешIагъэу, лъэпкъ мэкъамэхэм нахь сыдахьыхэу хъугъэ ыкIи сянэ-сятэхэм музыкальнэ еджапIэм сычIагъэхьагъ, адыгэ пщынэм зыфэзгъасэу езгъэжьагъ.

Нэужым къуаджэу Хьабэз шыкIэпщынэмкIи IэпэпщынэмкIи зэрэщагъасэхэрэр сшIагъэ, сэри а Iэмэпсымэхэм къязгъэIошъу хъугъэ.

Музыкальнэ еджапIэпм ыуж искусствэхэмкIэ колледжым сычIэхьагъ ыкIи профессиональнэу еджэныр лъызгъэкIотагъ.

Ансамблэхэу «Вагъуэбэ», «Пэсэрей» зыфиIохэу Щэрджэскъалэ дэтхэм Iоф ащысшIагъ, МыекъуапэкIэ «Бэгъэуджым», «Ислъамыем», «Лъапсэм» сахэтыгъ, НалщыккIэ «VYND»-м.

- Тыркуемрэ Хэкужъымрэ арыс ныбжьыкIэхэр зэбгъапшэхэмэ, адыгэ культурэм фыряIэ фыщытыкIэр зэтекIэу олъыта?

- Щэрджэскъалэ сызыдэсым Хасэм иIофшIэн сыхэлажьэщтыгъ, непэ Адыгэ Хасэмрэ Адыгеим истудентхэм я Ассоциациеу Мыекъуапэ щызэхащагъэмрэ чанэу сахэлажьэ.

Лъэшэу сигуапэ Тыркуем ныбжьыкIэхэм якультурэ нахь игъэкIотыгъэу зызэрафагъэзагъэр, ахэр джэгухэм ахэлажьэх, тарихъ епхыгъэ лекциехэм ядэIух, лъэпкъ Iофтхьэбзэ зэфэшъхьафхэм ахэлажьэх. Ащ уимыгъэгушIон плъэкIыщтэп.

ТапэкIэ ныбжьыкIэхэм якультурэ изэгъэшIэн нахь фэщагъэ хъунхэу, хэти фэлъэкIыщт Iахьыр ащ ихэлъхьанэу хишIыхьанэу сэгугъэ.

- Непэ адыгэ ныбжьыкIэхэм сыда анахьэу анаIэ зытырагъэтырэр? Бзэмрэ культурэмрэ мыкIодыжьынхэмкIэ сыда анахьэу зишIуагъэ къэкIон ылъэкIыщтыр?

Ежь цIыфым зэкIэ елъытыгъ. ЫгукIэ нахь шIогъэшIэгъонэу зызфикъудыирэм ылъэныкъокIэ лэжьэщт. ГущыIэм пае, джырэ жанрэхэм - рокым, джазым е хип-хопым атетэу адыгэ мэкъамэхэр къебгъаIохэ хъумэ, ныбжьыкIэхэми нахь лъэшэу анаIэ ащ тырадзэу рагъэжьэщт.

А дэдэр дизайнми, искусствэми, щыгъынми, нэмыкI лъэныкъохэми афэгъэхьыгъэу къэпIон плъэкIыщт. Акъылыгъэхэлъэуджырэуахътэмдиштэутикультури, тихэбзэ-зэхэтыкIэхэри алъыбгъэIэсышъухэ хъумэ, ныбжьыкIэхэми а лъэныкъом нахь зыфакъудыи хъущт.

Арышъ, лъэпкъ IофыгъохэмкIэ джырэ уахътэм диштэрэ проектхэр - музыкэмкIи, творческэ Iофтхьэбзэ зэфэшъхьафхэмкIи, медиа лъэныкъомкIи пхырыщыгъэнхэм мэхьэнэ ин иI.

- Адэ непэ уиунэ уисэу къыпщэхъуа?

Ары адэ. Мыр сэ ситарихъ ЧIыгужъ, цIыфхэри, чIыопсыри, культурэри, искусствэри зэхэтхэу гум кIэгъэкъонышхо фэхъух, нахьышIум укъыфагъэущы.

ТапэкIэ мыщ сыкъызыкIокIэ, хьакIэу сыкъызщыхъужьыщтыгъ, непэ, Iо хэлъэп, сиунэ шъыпкъэу сэлъытэ.

- Адыгэ ныбжьыкIэхэм урялIыкIоным непэ о сыд фэдэ еплъыкIа фыуиIэр?

СэркIэ ар пшъэдэкIыжьышху. Тилъэпкъ къырыкIощтыр ныбжьыкIэхэр ары зэпхыгъэр, арышъ, тыбзи, тикультури, тишэн-хабзэхэри къэзыухъумэщтыр ыкIи лъызгъэкIотэщтыр ахэр ары.

Тинахьыжъхэр щэIэфэхэ нэс, ахэм щысэ атетхын, яшIэныгъи, ядунээеплъыкIи зыпкъырытщэн, тэ къыткIэхъухьэхэрэм алъыдгъэIэсыжьыным пае зэIудгъэкIэн, къэтыухъумэн фае.

БлэкIам ухуезыгъэплъэкIыжу нобэм ухэзыгъэплъэж...

КъШР

Мыдэ-щэ толъкъун щэджащэу адыгэгур, адыгэпсэр къыщыукъубейрэ, апхуэдэ къабзэу, псэхугъуэ здигъуэтыж, а щытыкIитIри щыппкърыкI зы щIыпIэ гуэр щыIэххэмэ, апхуэдэщ Али-Бэрдыкъуэ къуажапщэр зи хэщIапIэ, Кавказ зауэжьыр емынэ узрэ мыкIыжын уIэгъэу къызытена лъэпкъым и фэеплъ щIыпIэр.

ХАБЗЭФI зэрытхуэхъуауэ, тхыгъэщIэ, хъыбарыщIэ къыщытлъыхъуэу ар ди кIуапIэщ. Комплексым хыхьэ музейм щIэлъи-щIэти, зэрыжаIэу, дызыщымыгъуазэ щымыIэу къыпщыхъунт, ауэ кIуэгъуэ къэс щIэщыгъуэ гуэр ди пащхьэ кърахьэ абы и лэжьакIуэхэм.

Мызыгъуэгуми дазэрыщыгугъауэ къытхукъуэкIащ, гупсэхуу дыхагъэплъащ музейм къыщIалъхьа хьэпшыпыщIэхэм, зэман зэхуэмыдэхэм къахуеблэгъа хьэщIэхэм къагъэна тхыгъэхэм, езыхэм я гукъэкIыжхэри къыщIагъужу. Ахэр сыт щыгъуи урысыбзэкIэ, адыгэбзэкIэ тхауэ щыткъым, ауэ хьэрыпыбзэкIи инджылызыбзэкIи зыщ жаIэр: дыфхуэзэшащ, ди щIыгужь дыхуобампIэ, адыгэм дрибынщ...

2024 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м «Ярат ЛIбзу» жиIэу зыкIэщIидза тхыгъэр хьэрыпыбзэкIэщ зэрытхар. Ар зи IэдакъэщIэкIым дыщагъэгъуазэ музейм и лэжьакIуэхэу Хутэ Аслъэнрэ Иуан Нурийрэ:

- Эмиратым къикIри къытхуэкIуат, а щIыпIэм щыIэ телевиденэм и цIыху, тэрмэш щIыгъуу. Сурэт куэд мыбдеж щытрихащ, хъыбархэр жыдигъэIэжащ, хьэпшыпхэм дакъыхутепсэлъыхьащ. А псори зэхуихьэсыжу, зэригъэуIужу хамэ къэралым киноуэ щигъэлъэгъуэныр и гуращэу кIуэжащ Ярат ЛIбзу. КъинэмыщIауэ, къыджиIат Адыгейм унэ къызэрыщищэхуар, и ныбжьыр нэсу пенсэм кIуэмэ, и хэкужь къигъэзэжу, а унэм псэун мурадыр зэриIэр. Догугъэ и мурадыр къыдэхъуну, лъэпкъым и зы нэрыбгэ иджыри къытхэхъуэжыну, - жеIэ Аслъэн.

АдэкIэ дроплъэ. Тхыгъэр зэрытха дыдэу къэтхьынщи: «Адыгагъэмрэ адыгэ лъэпкъымрэ псэуну Тхьэм солъэIу. Узыншагъэ быдэ диIэу, гуфIэгъуэ куэд тлъагъуу, адыгэбзэр тIурылъу, адыгэ хабзэр тIыгъыу илъэс куэдкIэ дунейм дытетыну Тхьэм насып тхуищI. ИугъащIэ, Адыгэ!

ЖЫКЪУЭ Щампил,
Тыркум и адыгэ щIалэгъуалэм я цIэкIэ».

ГУЛЪЫТЭР яхьэху Молэ Лэвэнт журналым щитха тхыгъитIым.

- Лэвэнт тIэунейрэ къэкIуат. Зэм нэрыбгэ зытIущ щIыгъуащ. Ялъэгъуари зэхахари фIэмащIэу, и гур мызагъэу, аргуэру къытридзэри къэкIуауэ щытащ, нэрыбгэ 25-рэ хуэдиз хъууэ гупышхуэ щIыгъуу. Ахэр псори адыгэ лъэпкъым щыщу хамэщIым яхуа я адэжьхэм я щIэблэт. Пэжщ, псори къэкIуэжыным, мыбдеж щыпсэуным хуэпабгъэу къыхагъэщакъым, ауэ: «Ди адэжь хапIэ тлъагъуну дыкъежьащ», - жыхуаIари куэд и уасэт. Мы фэеплъ Iуащхьэжьым тет мывэр зи жэрдэму псори къыздежьа си къуэш Михаил дунейм зэрехыжам и цIэкIэ и щхьэгъусэ ФатIимэти хуэщыгъуауэ щытащ, ди гуапэ къащIу, - къыддогуашэ Хутэ Аслъэн.

Аргуэру зыгъэ гупышхуэ къахуеблэгъауэ щытащ, нэрыбгэ 50 хуэдиз хъууэ. ЦIыхухъурэ бзылъхугъэу зэхэт гупышхуэр я ныбжькIи зэхуэмыдэт, ауэ псоми зыт я гупсысэр - адэжь хэку! Бзылъхугъэхэм я нэпсхэр къежэхыу, лъэгуажьэмыщхьэу щысу пщIантIэкум деж тхьэ зэрыщелъэIуари, Iуащхьэжьым гъыбзэу щыжаIари нобэ Аслъэнрэ Нурийрэ ягу къыщыкIыжкIэ, езыхэми ягу къызэфIонэ.

- Нэрыбгэ зытIум фIэкIа адыгэбзэр зыщIэ яхэттэкъым. НыбжьыфI иIэу, адыгэбзэри фIыуэ игъэIурыщIэу зылI ящIыгъути, къызэупщIмэ, жэуапхэр естурэ, сынми, музейми, щIыпIэми сахутепсэлъыхьащ. Ауэрэ, уэрэд гуэркIэ къызоупщI. АрщхьэкIэ, неIэмал, уэрэдым хэт псалъи, щIэлъ макъами, зы псалъэ закъуэ щымыхъукIэ - «шэ» - зыри имыщIэу къыщIокI. Зи гугъу ищIыр Хэку зауэшхуэм къыдэхъея, адыгэхэм жаIэу щыта «Шэ шынакъ» уэрэдрауэ хуэзгъэфащэри, уэрэдыр жесIащ, «Шэ шынакъыри къыщискIутым, шэр къыптихуэ къызжепIаи...», - жиIэу есшажьэри. Езыр зыщIэупщIэ, Тыркум хуабжьу щыцIэрыIуэ, адыгэлъ зыщIэтым я бзэгупэм телъ уэрэду къыщIэкIащ ар. Абы къыдэкIуэуи къытхуиIуэтэжащ зы хъыбарыжь. И адэм иIа япэ фызым щыпыкIыжым, фызыр, мы лIыри сабийуэ щIыгъуу, Тыркум Iэпхъуэжауэ щытащ, абдежми къинащ. Аращ абы адыгэм жаIэ уэрэдыр и гум щIыхэпщIар. Гупыр щыдэкIыжым, псом яужь зыкъригъэнащ. КъеплъэкIыжри и нэпсхэри щIилъэщIыкIыжащ мо лIышхуэм, - жеIэж Аслъэн.

АдэкIэ къыпещэ Нурий. Абы игу къегъэкIыж жыхуэтIэ гупым хэта зы бзылъхугъэ.

- Езыр адыгэ щхьэкIэ, и унагъуэцIэр Нэгъуейт. Ар къызэлъэIуащ апхуэдэ унагъуэцIэ зиIэхэр ди хэгуэгум къыщыхуэзгъуэтыну. Сэ Куэш-Хьэблэ щыщу тIу сцIыхути жесIащ. ИужькIэ, сымаджэщым сыщIэлъу, компьютерымкIэ щыслъэгъуащ Бесльэней деж Нэгъуей унагъуэцIэр зезыхьэу нэрыбги 100-м нэс зэрыдэсыр. Езы бзылъхугъэм адыгэбзэ имыщIэми, бзэр зыIурылъ, Канадэм щыпсэу и адэ къуэшыр ди тэрмэшу дызопсалъэ зэпыт. Адыгэбзэр зригъэщIэну сыкъигъэгугъащ, - жеIэ Нурий.

Захуэдгъэзэнщ музейм щIэщыгъуэу къыхэхъуа хьэпшыпхэми. Апхуэдэщ Адыгейм къикIа, хабзэхъумэ къулыкъухэм хэта зы генерал лIым къахуищIа тыгъэр - къамэшхуэр. Абы илъэс 1200-рэ и ныбжьу хуагъэфащэ. Дапхъэхэм ирикIуэу тетщ КIыщокъуэ Музэчыр адыгэм, Кавказ зауэжьым трищIыкIыу ищIа сурэтхэр. Бжэнахъуэ Сэхьид тыгъэ къахуищIащ чнутI хьэлэмэтыщэ. Зы мащIэ тIэкIущ къыхуэтыжыр музейм щIыхьэхэм киноуэ, документальнэ фильму хъыбарыжьхэр зэрырагъэлъагъуфыну Iэмалыр и кIэм нэсу зэтегъэпсыхьа хъуным.

ПщIантIэм дэт унэ цIыкIуитIыр хуагъэхьэзыр фэеплъ махуэхэм лэкъум щагъажьэу, цIыху щагъэтIысу, хьэщIэ щрагъэблагъэу зэтегъэпсыхьыным.

«Iуэхур мащIэкъым. Зэрыхуэфэщэну щыгъуэ-щIэж махуэм дытехьэным, щыпIэм къеблэгъэну цIыхубэм я пащхьэ дыкъыщымыукIытэным и Iэмалхэр зыдохьэ. Сыт щыгъуи хуэдэу, къыткъуэтщ Аргун Олег, псапащIэ цIыху щхьэхуэхэр, къуажэм и Iэтащхьэр, къарукIэ дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъу щIалэгъуалэр», - жаIэурэ дыкъагъэкIуэтэж Аслъэнрэ Нурийрэ.

ТУАРШЫ Ирэ.

ИзехьакIо щымыIэжьми, мэпсэу

Непэ зипчъагъэкIэ макIэ хъурэ чIыдэлъф лъэпкъхэм я Маф. Уахътэр зэрэзэхъокIыгъэм емылъытыгъэу, бзэхэм, культурнэ шIэжьым якъызэтегъэнэн ыкIи шэн-хабзэу лъэпкъхэм къахэнагъэхэм уатегущыIэнымкIэ ар зы ушъхьагъу.

Убыххэр - адыгэ дунаим изы Iахь, итарихъ нэкIубгъохэм ащыщ. Непэ ахэм ялIэужхэр, Урысыери Тыркуери зэрахэтэу, дунаим икъэралыгъо зэфэшъхьафхэм ащэпсэух. Ежь убыхыб-зэр кIодыжьыгъэхэм ахалъытэ: аужырэу ащ рыгущыIэщтыгъэ Тевфик Эсенч 1992-рэ илъэсым дунаим ехыжьыгъ. Ары нахь мышIэми, убыхыбзэри культурэри ашIогъэшIэгъонэу непэ къэнэжьы. УшэтакIохэми, ныбжьыкIэхэми ащ зыфагъазэ - къэбар къэкIуапIэхэм, тхыгъэхэм адэлажьэхэзэ, зэрадзэкIыхэзэ, непэрэ мафэм итехнологиякIэхэр агъэфедэхэ-зэ.

ТигущыIэгъоу Бакъ Инал убыхыбзэр, тарихъыр ыкIи культурнэ кIэныр зэзыгъэшIэрэ ныбжьыкIэхэм ащыщ, къэбар зэфэшъхьафэр къызэригъэхьэрэ канал егъэлажьэ. Непэ ар Москва щэпсэу. Лъэпкъ ушэтэкIо университетым экономикэмкIэ иапшъэрэ еджапIэ чIэс. Къэбэртэе-Бэлъкъар Республикэм икъалэ шъхьаIэу Налщык щыщ. КъохьэпIэ Кавказым илъэпкъхэм ямузыкэ, абзэ ыкIи яIорIуатэхэр зэрегъашIэх. Адыгэм идунай убых лъэпкъым чIыпIэу щиубытырэмкIэ епыкIэу ыкIи хэшIыкIэу фыриIэмкIэ Бакъ Инал къыщыддэгощагъ.

- Инал, сыд фэдизэу инэу адыгэ культурэр уищыIэнигъэ хэта, сыдигъуа ар къызежьагъэр? Ащ изэгъэшIэн пшIогъэшIэгъон зыхъугъэр уицIыкIугъор ара, хьауми нахь кIасэу укъыфэкIуагъа?

- Ар къызщежьагъэр Москва сыкIожьи, илъэс 12 сыныбжьэу лъэпкъ къашъохэмкIэ ансамблэу «Черкесиер» зыфиIоу Щорэ Анзор зипащэм сызыхахьэр ары. Тилъэпкъ шIулъэгъоу фысиIэм ащ иIахьышIу хилъхьагъ. Ары мыхъугъэмэ, джы сыздэлажьэрэм фэшъхьаф горэм сыпылъыщтыгъэу сэлъытэ.

- Убыхыбзэм, культурэм, тарихъым сыда уахэзыщагъэр, язэгъэшIэн утезыгъэгушIухьагъэр?

- Къашъом сыщыIэу мы лъэпкъым икъэбар зызэхэсхым сшIогъэшIэгъон хъугъэ, ащ зэу сызэлъиштагъ. Дунэе хъытыум заулэрэ сызщылъыхъогъэ уж убыхыбзэр зэхэсхыгъ ыкIи икъэIукIэрэ ибзэ хабзэрэ згъэшIэгъуагъ. Ащи изакъоп. Сятэ ылъэныкъокIэ сянэжъ убыххэм ащыщыгъ.

Анахьэу ащ сыздихьыхыгъэр непэ синыбджэгъуитIумэ нэIуасэ сазыфэхъур ары-Ордэн Эрастрэ Саид Джонуарэ. Сэ къэсымыгъотышъущт къэбарыбэ ахэм дунэе хъытыум къырагъуатэщтыгъ: гущыIэлъэ зэфэшъхьафхэр, тхыгъэхэр, хъишъэхэр ыкIи тхыдэхэр.

- Убыххэм ятарихъ ыкIи якультурнэ лъэныкъоу сыда анахьэу бгъэшIэгъуагъэр?

- СэркIэ згъэшIэгъон икъугъэр убыххэм бзабэ зэрашIэщтыгъэр ары. Ежь яныдэлъфыбзэ фэшъхьафэу абхъазыбзэр, адыгабзэр, загъорэ тыркубзэри арапыбзэри ашIэщтыгъ.

- Непэ убыхыбэ Тыркуем щэпсэу. Ахэм ащыщхэм уадэгущыIа, зэпхыныгъэ адыуиIа?

- Ахэм анахьэу адэгущыIэрэр сиIофышIэгъоу ыкIи синыбджэгъоу Ордэн Эраст. Убых къуаджэхэм ащыIагъ, ныбжьыкIэхэми нахьыжъхэми нэIуасэ афэхъугъ. Ахэм яшIуагъэкIэ дунэе хъытыум имыгъотэщт къэбарыбэ тэшIэ.

- Бзэр зэхэпшIэнымкIэ Тевфик Эсенч сыда ишIуагъэу къакIорэр? Ащ ымакъэ уедэIу зыхъукIэ сыда угу ихъыкIырэр?

- Тевфик Зейшуа (Эсенч) сэрыкIэ культурэм иухъумэкIо шъыпкъ. Исабыигъо хьылъагъэ, ищыIэныгъи зэрэщытэу къызэрыкIуагъэп. Ау ащ емылъытыгъэу лъэпкъым ыбзэ, икультурэ къыухъумагъэх. Ащ ымакъэу тетхагъэхэр умыгъэшIэгъонхэ плъэкIырэп: ащ фэдэ мэкъэ къинхэр къэпIонхэр, грамматикэ къиныр пшIэныр Iофышху, анахьэу зыныбжь хэкIотэгъэ цIыфымкIэ.

- Бзэр къыбгурыIонымкIэ хэта джыри зишIуагъэ къэкIуагъэр?

- Жорж Чарачидзе, Ганс Фогт ыкIи Жорж Дюмезиль бзэм иухъумэкIо шъыпкъэх. Ахэм яIофшIагъэхэр ары мыхъугъэмэ, убыхыбзэм икубзыпIэ ухэхьаныр къины хъущтыгъ. БзэшIэныгъэм хэшIыкIышхо зэрэфыряIэм ишIуагъэкIэ ахэм бзэр непэрэ мафэм къынагъэсыжьыгъ.

- Каналэу бгъэлажьэрэм икъэбар къытфэIуатэба. Сыда ащ къибгъахьэрэр? Хэта къыоплъырэр? Къэбар къэкIопIакIэхэр къыхэбгъэщынхэмкIэ ишIуагъэ къэкIуа?

- Убыхыбзэм иIофыгъо нахьыбэ къесщэлIэнэу сыфаеу каналым иIофшIэн сыублагъ. Сипшъэрылъыр бзэм идэхагъэ къэзгъэлъэгъон къодыер арэп, ащ изэгъэшIэн ныбжьыкIэхэм егъэжьапIэ афэхъунэу ары. КъысэплъыхэхэрсемыжэгъахэузэмылIэужыгъоукъычIэкIыгъкъыскIэтхагъэхэрлъэпкъзэфэшъхьафхэм ащыщых. Убыхыбзэр зышIогъэшIэгъонхэм садэгущыIэн амал сэгъоты, ащыщхэм мэхьанэшхо зиIэ къэбархэр, ахэм якъэкIуапIэхэр къысфагъэхьых.

- Сэри сыубыххэкI. Арышъ, мэхьанэ ин зиIэ Iофэу ныбжьыкIэхэри зыхапщэхэрэм ыуж узэритыр къыосэIо. О ар икъоу зыдэошIэжьа? Сыда ар орыкIэ?

- Убыхыбзэм ыуж ит пстэуми афэдэу сэркIэ ар къинэу, ау ищыкIагъэу щыт лъэбэкъушху. ТапэкIэ мы бзэ дахэм псэ къыпыдгъэкIэжьыни, агъэфедэу аублэжьыным сыщэгугъы. Чэщ мычъыехэмрэ кIуачIэу хатлъхьэрэмрэ ар ауас: убыхыбзэм икъэухъумэнкIэ Iофышхо зэрэтшIэрэр къыдгурэIо.

КАЙХАН Нэрис.
Сурэтыр: **Бакъ Инал**.

Адыгэ уэрэдыжьхэм - псэщIэ

Ди адэжьхэм къащIэна уэрэдхэр адыгэ лъэпкъым и тхыдэщ, и бзэщ, и лIыгъэщ, и гъуджэщ... Жагъуэ зэрыхъущи, IуэрыIуатэм хыхьэ уэрдхэр, макъамэхэр, гъыбзэжьхэр цIыхубэм зэрынагъэсыным, хагъэIуэным телажьэр закъуэтIакъуэщ. НобэкIэ апхуэдэ лэжьыгъэр зи пщэм дэзылъхьэм лъэпкъым хуищIэр гъунэншэщ, щIэблэм я къэкIуэнум хуилэжьыр Iуэхушхуэщ.

АДЫГЭ лъэпкъым и щыгъуэ-щIэж махуэм - накъыгъэм и 21-м - ехъулIэу хьэгъундыкъуейдэс, бзылъхугъэ лъэпкъыпсэ Аслъэныкъуэ Лизэ илъэс 15-м щIигъукIэ зэхуихьэса, адыгэм къыдекIуэкIа уэрэдыжьхэр зэрыт тхылъ телъыджэ дунейм къытригъэхьащ.

ЖыпIэнурамэ, апхуэдиз илъэскIэ и гум щигъафIэу кърихьэкIа и гурыщIэхэм къежьапIэ щигъуэтари Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр здытет Хьэгъундыкъуей Iуащхьэжьращ.

Адыгэм и тхыдэм зи цIэр дыщэпскIэ хэзытха Хутэ Михаил 1989 гъэм Кавказ зауэжьым хэкIуэдахэм я фэеплъ мывэр дуней псом щыяпэрейуэ Хьэгъундыкъуей Iуащхьэжьым тригъэувауэ щытащ. Фэеплъыр трагъэбыдыхьауэ, ауэ абы хуэкIуэ дэкIуеипIэхэмрэ убыдыпIэхэмрэ иджыри намыгъэсауэ, Михаил мывэм иригъэплъыну Хутэхэ я пхъурылъху, Аслъэныкъуэ Лизэ Iуащхьэм дришеяуэ жеIэж. ИхъуреягъкIэ илъагъу дунейм зыщимыгъэнщIу, Iуащхьэм укъеплъыхмэ, узыхэплъэ къуажэхэмкIэ игъэлъагъуэурэ, Михаил жиIат абы щыгъуэ: «Лизэ, мы дибгхэм, мы уафэ къащхъуэм, мы псы ежэхым, мы дунейм и дахагъым си нитIымкIэ уезгъэплъащэрэт! Ди адыгэ щIыналъэм и дахагъыр сэ зэрызыхэсщIэр уэзгъэщIэфащэрэт! Адыгэ лъэпкъым щхьэкIэ сымыщIэн щыIэкъым, саукIынурами, адыгэм щхьэкIэ зезгъэукIынущ. Ауэ, сэ схузэфIэмыкIыну зы гукъеуэ сиIэщ. Ди лъэпкъым къыдекIуэкI уэрэдыжьхэр тхуэхъумэну пIэрэ? Уэ щэнхабзэм урилэжьакIуэщ, си шынэхъыжь Аслъэни уэрэдыжьхэр дахэу жеIэ, сыхуейт ахэр зэхуэпхьэсу, тхылъу къыдэбгъэкIыну. Мыбдежым дэтыну музейм апхуэдэ тхылъыр щIэлъыныр си хъуэпсапIэщ».

Абы иужькIэ зэман куэд текIыжами, Лизэ и дэлъхум кърииIуэтылIа лъэIур зэи игу ихуакъым. Езым зэрыцIыкIурэ адыгэ макъамэхэр, уэрэдыжьхэр,

къафэхэр фIыуэ илъагъурт. И щIалэгъуэм, Налшык къалэм щеджэхукIэ, «Кабардинка» цIыхубэ ансамблым хэтащ, щэнхабзэ Iуэхугъуэхэм хэлэжьыхьу къэгъуэгурыкIуащ. Лизэ и гуащIэдэкI лэжьыгъэшхуэ щигъэтIылъащ илъэс 20-м щIигъукIэ щылэжьа Адыгэ театрым. Пенсэм тIысыжа нэужь, уэрэдыжьхэр къэлъыхъуэжыным, макъамэхэр абыхэм щIэуэ хуегъэтхыжыным илъэс бжыгъэкIэ пылъыжащ.

Мы махуэхэм абы утыкум кърихьэ «Адыгэ лъэпкъым и уэрэдхэр» тхылъым уэрэд 250-рэ ихуащ. Тхылъыр Iыхьихыу гуэшащ: «Лъэпкъ IуэрыIуатэм и уэрэдхэр», «Гъыбзэхэр», «Псэм ехуэбылIэхэр», «ЦIыхубэм къадекIуэкI уэрэдхэр», «Щохъужь Хьэлым. Нэмыгъэса макъамэхэр», «Лъэпкъ уэрэдхэр урысыбзэкIэ».

Гъыбзэжьхэмрэ лъэпкъ IуэрыIуатэм къыхэна уэрэдхэмрэ гуауэ уагъэу пхыкIащ Хэкур зэрабгынэм къахуихь гуIэр, гупсысэ нэщхъейр. Псалъэм папщIэ, «Адэжьхэм я фэеплъ», «Гуауэ», «Сэрмахуэ», «ИстамбылакIуэ» уэрэдхэм, нэгъуэщIхэми.

Тхылъым иува уэрэдхэм я нэхъыбэр зыхъумари, зытхыжари, абыхэм елэжьыжари Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Тэмазэ Лидэщ. «Черкесия» цIыхубэ ансамблым, «Шагъдий» сабий ансамблым ягъэзащIэ уэрэд куэд тхылъым итщ.

Сборникым и зы Iыхьэ щхьэхуэм хиубыда уэрэдхэм елэжьари, макъ щIэзылъхьэжари Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, пшынауэ Iэзэ Чырбыж Зулетэщ. Илъэс зэхуэмыдэхэм Зулетэ зэхуихьэсыжа, пкъым иригъэувэжа, макъамэ зыщIилъхьэжа уэрэдхэр цIыхубэм хуабжьу фIыуэ ялъагъу, хьэгъуэлIыгъуэхэм щыжаIэ, утыку инхэм къыщоIу, адыгэ уэрэджыIэ цIэрыIуэхэм я репертуархэм хэтщ.

Мыбдежым жыIэпхъэщ, Зулетэ ипхъу, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэ Чырбыж Беллэ уэрэдхэм я нотэхэр щIэрыщIэу зэритхыжар, тхылъым зэриувэным хуэдэу зэригъэхьэзырар. Абы игуэщIа лэжьыгъэшхуэр къызэрымыкIуэщ икIи хьэлъэщ.

Тхылъым и япэ напэхэм Аслъэныкъуэ Лизэ щIэджыкIакIуэхэм захуигъазэу фIыщIэ яхуещI ар гъэхьэзырынымрэ къыдэгъэкIынымкIэ чэнджэщэгъурэ щIэгъэкъуэнрэ къыхуэхъуахэм.

Тхылъыр тираж мащIэу къыщыдагъэкIащ Джатэ Хьисэ и типографием. Лизэ къызэрыддэгуэшамкIэ, зэхуихьэса пенсэ ахъшэмкIэ къыдигъэкIыфар экземпляр мащIэ дыдэщ, ауэ мэгугъэ тхылъыр ди къуэш хэгъуэгухэм къищынэмыщIауэ, зэрыдунейуэ щыпсэу адыгэхэм я деж нэсыну.

Адыгэ уэрэдыжьхэр ди лъэпкъ щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Тхыдэри, IуэрыIуатэри, цIыхубэм я гурыгъу-гурыщIэхэри лIэщIыгъуэ куэдкIэ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуа уэрэдхэм зыщIашащ.

Ахэр къыкIэлъыкIуэ щIэблэм я деж нэхьэсыныр къызэрымыкIуэ лэжьыгъэ щхьэпэщ. ИкIи апхуэдэ Iуэхушхуэр зи пщэ изылъхьэжа Лизэ и лэжьыгъэр - «Адыгэ лъэпкъым и уэрэдхэр» тхылъым къызэщIригъэубыда уэрэдыжьхэр къэлъыхъуэжыныр, макъамэхэр щIэуэ хуегъэтхыжыныр - зэрыуасэншэр, дяпэкIи абы сэбэп куэд къызэрыпэкIуэнур шэчыншэщ.

ХЬЭТАЙ Мадинэ.

Щэхухэр къытхуэзыIуатэ



Урысей литературэм Кавказым теухуауэ хъыбар мащIэкъым хыхьар. Псом хуэмыдэу ахэр Кавказ зауэмрэ щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэмрэ ехьэлIащ. Лохвицкий (Аджыкъу-Джэрий) Михаил «Громовый гул» фIищауэ 1977 гъэм дунейм къытехьа и повестыр абыхэм ящыщ зыщ. А тхыгъэри «Поиски богов» и повестри Москва дэт «Исолог» тхылъ тедзапIэм къыдигъэкIыжауэ щытащ.

КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭЩ совет лъэхъэнэм Лохвицкэм итха а повеститIри цIыхум я пащхьэ ихьэн папщIэ гугъуехь зэрыпхыкIар. Тхылъ тедзапIэ нэхъыщхьэхэм ахэр къыдагъэкIын ядатэкъым. АрщхьэкIэ Iыхьэ гуэрхэр зэригъэзэхуэжыныр Лохвицкэм пщэрылъ къыщащIри, а тхыгъэхэр Куржым къыщыхудагъэкIащ, япэщIыкIэ «Громовой гул»-р, итIанэ - «Поиски богов» повестыр. Апхуэдиз хьэлэбэлыкъ хэтами, тхыгъэхэр къэралым цIэрыIуэ щыхъуащ.

ТхылъыщIэм и пэублэм щытхащ: «Толстой Лев и «Хьэжы-Муратым» и ужькIэ, Кавказым теухуауэ Лохвицкий Михаил къигъэлъэгъуа Iуэху еплъыкIэмрэ гупсысэмрэ хуэдэ урысей литературэм хэтатэкъым. Иджырей властыр абы еджамэ, егупсысамэ, къыгурыIуэну хущIэкъуамэ... тхыдэм къыхэна гузэвэгъуэ кьомымрэ мы зэманым иджыри Кавказым къыщыхъухэмрэ, хэт ищIэрэ, защытхъумэнкIи хъунт».

«Громовый гул», «Поиски богов» повестхэр зи IэдакъэщIэкIым и къуэпсхэр къыщежьэр хьэлэмэтщ, и гугъу умыщIу ублэкIыфыркъым. Абы и цIэ дыдэр Аджыкъу-Джэрийщ. МафIэ лыгъэм ис жылэм зы урыс офицерым (Лохвицкэт и унэцIэр) игу щIэгъуу къыхиха шэрджэс щIалэ цIыкIум къыщIэхъуащ нобэ зи гугъу тщIы тхакIуэр. А къэхъугъэр мыхъуамэ, урысей литераторхэм зи IэдакъэщIэкIкIэ ехьэехуэну Лохвицкий Михаил щыIэнт, и «Громовый гул» повестыр къыдэкIыу Межиров Александр «Ар урысей литературэм къыхэнэнущ», жиIэнт?!

Лохвицкэм и тхыгъэхэм къытхуаIуатэр адыгэ жылэ мыинхэм я гъащIэр нэхъ пасэм къызэрекIуэкIарщ. Ауэ, абы къыдэкIуэуи, тхыдэм и Iуэхугъуэ нэхъ инхэм, Кавказ зауэм и кIэуххэм къэхъуахэм, тхакIуэр топсэлъыхь. Хэкур гуузу ябгынэн хуей щыхъуа, лъэпкъ щхьэхуэхэр кIуэдыпэнкIэ шынагъуэ щыщыIа лъэхъэнэщ ар. Лохвицкэм IупщIу къехь тхыдэм и пэжыпIэхэр. Апхуэдэ зы щапхъэщ, цензурэм хигъэкIынкIэ шынагъуэ щыIэми, Михаил «Громовый гул» тхыгъэм къыщихьа мы псалъэухаитIыр: «Шэрджэсхэр мыкIуэдыпэным къэзыгъэлар Октябрь зэщIэхъееныгъэрщ. 1926 гъэм къызэрыхатхыкIамкIэ, шапсыгъхэм я бжыгъэр а зэманым ирихьэлIэу 3733-рэ хъурт, ахэр нобы щопсэу Краснодар крайм хыхьэ Лазаревск, ТIуапсы районхэм». Мыхьэнэ зиIэ мыпхуэдэ жыIэгъуэ кIэщIхэрщ Синельников Михаил тхылъым и псалъащхьэм деж къызэрыщыхигъэщащи, купщIэ зыщIэлъыр, блэкIам и сурэт гуэр уи нэгу къыщIэзыгъэхьэр.

Повестыр зэрытха щIыкIэми щхьэхуэу утепсэлъыхь хъунущ. Тхыгъэр япэ щхьэм къыбгъэдэкIыу зэрытхам и фIыгъэкIэ, лIыхъужь нэхъыщхьэм япэу дыщыIущIэкIэ, абы и псэм щыщIэмрэ и гупсысэмрэ къыббгъэдэсу къыпхуиIуатэ фIэкIа умыщIэну къэгъэлъэгъуащ. Кайсаров Яков къопсалъэми ярейщ, ихъума «щэхухэр» гупсэхуу къыпхуеIуатэ.

ЛIыхъужьым и щхьэм щокIэрахъуэ хамэщIым къызэрыщыхутамрэ абы щрихьэкI гъащIэ мыIэфI-мыщIагъуэмрэ. Кайсаровым зыкъыщиумысыж щыIэщ и щIалэгъуэм Кавказым теухуауэ иIа еплъыкIэхэмкIэ. Шэрджэсхэр къыпхуэмыгъэш, къыпхуемыгъэгъазэ лъэпкъ утIыпщауэ, гъунэгъум теуэ хъунщIакIуэу, абрэдж щхьэемыгъэзу къэзылъытэ кхуэдым ар ящыщт. Ауэ, иджы, ар зэджэ тхылъхэм шэрджэсхэм я шыфэлIыфэу итым, и анэм къыжриIауэ щыта псалъэхэм езым и гугъэу щытахэр хутегъэхуэжыртэкъым. Маринскэм и повестхэм ар къыщеджэрт шэрджэсхэр я теплъэкIэ бжьыфIэу, езыхэр Iущу, лэжьыгъэр фIыуэ ялъагъуу псэу лъэпкъыу. Калугэ ягъэIэпхъуа адыгэхэр зылъэгъуа и анэм жиIари иджыт абы и тхьэкIумэм къыщиIуэжыр. «ЦIыху хэтыкIэ, зыIыгъыкIэ ящIэ. Псори дахьэхащи, набдзэгубдзаплъэу ахэр цIыхум зэпаплъыхь. Дауи, гулъытэ яIэнутэкъэ Африкэм къраша аслъэн бланэхэми?!». Апхуэдэу екIуу цIыхубзым адыгэр аслъэным иригъэпщэфат. АдэкIэ Кайсаровыр езыри шэрджэсхэм яIущIащ, тхыдэми абы и нэкIэ дыпхрегъэплъ...

Илъэс 25-кIэ къулыкъу Кавказым щызыщIа унтер-офицер Кузьмин Тимофей Кавказ зауэр къыщIэхъуам и щхьэусыгъуэу къилъытэр хьэлэмэту къыхуеIуатэ «Громовый гул»-м и лIыхъужь нэхъыщхьэм. «ЗэманыфIкIэ узэIэбэкIыжмэ, ар зэрыщытаращ: шэрджэсхэр сыт щыгъуи лъэпкъ щхьэхуиту псэуащ, я щIыналъэр къэзызэун нэгъуэщIи зыбгъэдамыгъэхьэу. Апхуэдэу екIуэкIырт, ауэ пащтыхь Гуащэ Екатеринэ игу иримыхь хъуащ запорожье къэзакъхэми псэукIэ хуит зэраухуар. Арати, ахэр Кавказым иригъэтIысхьащ, шэрджэсхэмрэ къэзакъхэмрэ зэбий зэхуищIу, зыр адрейм игъэкIуэдыжыным щыгугъыу. АрщхьэкIэ, лъэпкъитIыр зэкIэлъыкIуэурэ зэныбжьэгъу хъуащ, уеблэмэ къэзакъхэм шэрджэсхэм я лъэпкъ фащэр зымащIэкIэ зэхъуэкIауэ къащтащ. Зы псалъэкIэ жыпIэмэ, ахэр зэкъуэт щыхъум, пащтыхь Гуащэр гужьеижри, и зауэлIхэр зэщIигъэтэджащ, хуэмурэ къэзакъхэри и лъэныкъуэ къищIыжри...».

Лохвицкий Михаил и етIуанэ повестым философие нэхъ куу хэлъщ, уеблэмэ языныкъуэхэми литературэм и «фантастика» жанрым ар мащIэу щытехьэ къохъу. Къыхэгъэщын хуейщ «Громовый гул», «Поиски богов» повестхэр зэрызэпыщIар, япэм къыщытцIыху лIыхъужь «етIуанэхэм» «Поиски богов» тхыгъэм нэхъыщхьэ щыхъуауэ дазэрыщыхуэзэр. Куэдым урагъэгупсыс тхылъыщIэм ит сурэтхэм. Ахэри лэжьыгъэм и теплъэри зыщIар художник ПэтIуащIэ Феликсщ.

Илъэси 162-кIэ узэIэбэкIыжмэ къэхъуа Iуэхугъуэхэр зи лъабжьэ тхыгъэхэр тхыдэр зэрахъумэм и закъуэкъым щIэлъапIэр, абыхэм пэжымрэ нэпцIымрэ зэрызэхагъэкIри, а зэманхэм псэуа цIыху хейхэм я фэеплъыр зэрахъумэри къэлъытапхъэщ. Лохвицкий Михаил и «Громовый гул», «Поиски богов» повестхэр ящыщщ уи гъэтIылъыгъэхэм хэбгъэлъыну узэхъуапсэ тхылъ купщIафIэхэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

КъБР

Хэкум йопсэлъэжыр гурэ псэкIэ

КIЭДЫКIУЕЙ Еркъан хамэщI щыпсэу адыгэ усакIуэщ. Тыр-кум 1969 гъэм къыщалъхуащ, Узун-Йайлэ хыхьэ Шыджэбэхъуей къуажэм къыщыхъуащ. Еркъан электрикыу еджащ икIи а IэщIагъэм иролажьэ. Унагъуэщ, бынитI иIэщ.

ФIыуэ илъагъу Хэкужьым 2018 гъэм дунейм къыщытехьащ «Хэкум сепсэлъэжу» и усэ тхылъыр. Ар къыдигъэкIащ усакIуэм и тхыгъэхэр интернет напэкIуэцIхэм зыкъом щIауэ щыщIэзыджыкI, усакIуэ, тхакIуэ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ. Зытетхыхьэр, и усэбзэр, и гупсысэ къэIуэтэкIэр и гум дыхьати, хамэ къэралыр псэупIэ зыхуэхъуа адыгэ усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр зэхуэхьэсауэ щыIэн хуейуэ къилъытащ, абыхэм Хэкум къэIу джэ макъыу зэхэлъ усэ тхылъ къищIыкIащ. Тхылъым и IуплъапIэри и напэкIуэцIхэри абы къыщыкIуэ усэхэм пэджэж тхыпхъэ-сурэтхэмкIэ игъэщIэрэщIащ дэрбзэр Сэралъп Мадинэ. Тхылъым итщ КIэдыкIуей Еркъан и усэхэр, гупсысэхэр, усэ хуитхэр. УсакIуэм и тхэкIэр щхьэхуэщ, адыгэ дунейм пэджэж къару щабэ щIэлъу - Мадинэ и тхыпхъэхэри абы екIупсщ.

«Еркъан Хэкумрэ и лъэпкъэгъухэмрэ псалъэкIэ ялъэIэсыну и нэ къикIыу итхахэр хэмыгъуэщэжын, цIыху нэхъыби еджэн папщIэ, дауи, зыгуэрым кърихыкIыжын хуейт. А гупыж дыдэр хэт иIами, къыхилъхьэ, къыпищэ хъуну си гугъэщ - Еркъани абы хуэдэу езыр-езыру тхэным зыхуезыгъэса адрейхэми ядэIэпыкъун хуейщ... АпхуэдизкIэ сыдихьэхырт и тхэкIэмрэ и гупсысэ зэкIэлъыгъэкIуэкIэмри, къыщистхыкIыжым и псалъэ къэпсэлъыкIэхэр схъуэжакъым, литературэбзэм измыгъэхьэу къэзгъэнар куэд мэхъу. Къэсщтэм, седжэжу сиIэну сыхуейти, езыри хэплъэжа нэужь, тхылъ цIыкIуу къыдэзгъэкIыну сехъуэпсащ», - щыжеIэ Заринэ «Хэкум уепсэлъэфыныр» псалъащхьэр иIэу тхылъым хуищIа хэзыгъэгъуазэм. «Тыркум щыпсэу ди къуэшхэм къабгъэдэкIыу къыдэпсалъэ КIэдыкIуей Еркъан къиIуатэмрэ и хъуэпсапIэмрэ уигу нэмысынкIэ Iэмал иIэкъым - мыр къызэрыдэпсэлъэжыр ди адэжьхэм я бзэщ, ди нэхъыжьхэм я псэ къабзагъэр зыщIэлъ гупсысэщ къыдигъащIэр», - жиIащ тхылъым къеджа нэужь уэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист Нэхущ Чэрим. «Сытым тепсэлъыхьми: ар адыгагъэуи, лъагъуныгъэуи, нэгъуэщI гурыщIэуи, зы хьэпшып гуэруи щрети, зи гугъу ищIыр сурэт Iэрытхым хуэдэу нэгум къыщIегъэувэ. Телъыджэщ, и «хъыринэ» дызэрытIысхьэм дыщыщIиупскIэурэ, и макъамэ зэхуэмыдэхэм дыщIегъэдэIу, итIанэ, дегъэгупсысэ. Ди къэпсэлъыкIэм къыщыгъэпсэужын хуей псалъэ куэди хыдолъагъуэ усэхэм» - жеIэ КъБКъУ-м адыгэбзэр щезыгъэдж Езауэ Мадинэ, Еркъан и IэдакъэщIэкIхэм теухуауэ.

Дунейм и щэху куэдым зэпхыплъ гупсысэ жанкIэ IулIащ КIэдыкIуей Еркъан и тхыгъэхэр. Гурэ псэкIэ мэусэри, ахэр гум щIэх нoIус икIи узыщIагъэдэIукI. ЩIыуэпсыр и псэлъэгъу пэжщи, уафэм, вагъуэм, мазэм, къэкIыгъэхэм я хьэлыр фIыуэ ещIэ. Абыхэм усакIуэм и пэжыр япщIэхэлъщ. Тхыгъэхэр гъуджэ пэлъытэщи, дэтхэнэми усакIуэпсэр къощ. Ар нэхущ - зыри щыгъэпщкIуакъым, щыбзыщIакъым. Гу лъыботэ сатырхэр адыгэпсэкIэ зэрыпсыхьами. Дыкъыздеджэм, ди нэгум щIэтщ дуней телъыджэ: дигъэунэхуу, дигъэгупсысэу, дигъэгугъэу! КIэдыкIуейм и IэдакъэщIэкI зыбжанэ дыкъевгъаджи, щыхьэт дытевгъэхъуэж усакIуэм и Хэку лъагъуныгъэм.



ягъэшхуэщ зыгуэрхэм я дежкIэ. Гъэ мин Iэджэхэм я анэмэт а уи лъэпкъ щIыхь зехьэкIэрамэ, уи лъэпкъэрэ уи культурэрэ иужь уитмэ, ар зыфIэягъэхэм уэри ягъэ пщагъэхъужу, хыфIыуагъэдзэжыным хущIэкъум уафэри щIылъэри яубыдамэ, зы махуэ нэхъыбэ упсэуну, зы уэрамым ней-нейуэ къыздоплъхэм, уи зы уэрэд къыщыхэбдзэныр сыту IэфI!

Зэщхь щымыIэн ар, абдеж ущизакъуэнуми...

Адыгэ уэршэр

Дэ, дэ...
Жьэм жьэдэкIрэ тхьэкIумэм Iууа макъ гуэркIэ дызэгурыIуэу дыщежьа махуэ къытхуэкIуэмэ, абдежым тэрмэш дыхуэныкъуэнущ, ауэ нобэ дыхуэныкъуэкъым.
Гурэ псэрэкIэ дызэпсэлъэфу си гугъэщ.
Арагъэнщ зыщыгъэнщIыгъуей щIэхъур адыгэ уэршэрыр.

УщыIэныр

Си нэфIэгуфIэ хуэдэу зыщызэрадзыжкIэ щIымрэ ткIуэпсымрэ, псы жылэмрэ мафIэ жылэмрэ, уафэмрэ щIыфэмрэ... апхуэдэу зыуэ, зэгъусэурэ хуитыныгъэм, гуми гупсысэр зэриубзыу щIыкIэм хэлъ гъэщIэгъуэныр хэзылъэгъуэф хъуа гу ущэгуахэр зэрыгъэщтэхукIэ зызэзыдз макъ къуахсыхыр зэрыгъу-зэрышхрэ Iэрпхъуэру, мафIэ бзийуэ зыкъызэщIиIэтэ къыщыхъум и деж уэредадэ кърищажьэу...

Еплъри, ежьури, хэтри зыщIэзысхьэу, зыщIэлIэу зызыхадзэж а хуитыныгъэ мафIэм хэмылъыр хозыгъалъхьэ фIыгъуэ узыпэплъэхэм я цIэкIэ узыгъэпсэу гугъэ, зыгъэпсэу гугъэ...

ЩыIэ уэ, гугъэ, адыгэ дунейм щхьэкIэ...

Нобэ тIощIрэ зырэщ

Дэнэ щыIэ си гурыфIыгъуэхэр?
Хэт сфIрикIута? Хьэмэрэ сфIэвгъэпщкIуа?
Пхъуантэрамэ - къыдэфхыж, матэрамэ - къивгъэщэщыж.
Си кIэныр зэрыздзэн жыхафэгу, си чыныр щызгъэжэн мыл, хъыринэ сыщещIэну зы жыг къудамэ...
Дэнэ?
Ядыгъуа, яукIа си сабиигъуэр, си жьэм Iурылъа агъэбыгъэри дэнэ? Нобэ тIощIрэ зырэщ...
СфIагъэкIуэдар, къыткIуэцIаукIыхьыжар си сабиигъуэт...
Сэ абы щIымахуэ жэщхэм жезмыIэфа шыпсэхэр, пцIанэу къытенауэ си тэмакъым фIэлъ и таурыхъхэр, си бзэгупэм къытена и къуажэхьхэр, къебжэкIхэр згъуэтыжмэ, мис ахэмкIэ зызгъэнщIыжынут.
Хэсшэнут пщIантIэм, мыр уи жыгщ, уи псэ жыг... Узмыгъуэтыжурэ кIуащ ари...
Уэри укIуащ, урахуащ уи унэ.
ИIэ, къэгъэзэж.
Дызэрыгъэгъуэтыж.
Дижьарэ яжьэ дыхъуами, Хэкужь бжьамийр къытIууамэ, дыхъужынут...
Нобэ тIощIрэ зырэщ...
Нобэ.

Шу закъуэу кIуэцIрыпшами

Уи дунейр уи хэкуми уи цIыхуми, уи гугъэхэр псым зэрыхыумыкIутэжар арамэ, уэ ухакIуэта пэтрэ, псы зылъумыгъэIэсар

Тхыгъэри сурэтри **ГУГЪУЭТ Заремэ** *ейщ.*

● Бэнэкiэ хуит

Олимп чемпионыр Иналбэч хегъащIэ

Дагъыстэным и Каспийск къалэм къикIыу хъыбар гуапэ къытIэрыхьащ: бэнакIуэ цIэрыIуэу щыта Алиев Алий и фэеплъ зэхьэзэхуэу бэнэкIэ хуитымкIэ мы махуэхэм абы щекIуэкIа 56-нэ дунейпсо зэпеуэм дыщэ медаль къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ бэнакIуэ Шэрий Иналбэч.

КИЛОГРАММ 74-рэ зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ адыгэ щIалэм финалым и Iыхьэ ныкъуэм щыхуэзащ Олимп джэгухэм я чемпион, Осетие Ищхъэрэ - Аланиер иужьрей илъэсхэм зэрыпагэ бэнакIуэ лъэщ Сидаков Заурбэч. ГуащIэу екIуэкIа а зэIущIэм Иналбэч нэхъ лъэщу къыщыщIэкIащ икIи и хьэрхуэрэгъу щIалэр мызыгъуэгукIэ домбеякъ медалымкIэ арэзы хъун хуей хъуащ.

Къыхэдгъэщынщи, илъэсыр зэрыщIидзэрэ Сидаковыр зыхэта зэхьэзэхуэхэм еплIанэу къыщыхагъащIэ. Псалъэм къыдэкIуэу, Ярыгин Иван и Кубокыр къэхьыным хуэунэтIауэ илъэсым ипэхэм Красноярск къалэм щекIуэкIа дунейпсо зэпеуэм Заурбэч щытекIуат ди республикэм нэгъуэщI и зы бэнакIуэ лъэщ ЗэкIуий Анзор икIи абы щхьэкIэ осетин щIалэм европей чемпионатыр блигъэкIащ мы гъэм.

Мыдрейуэ, Шэрий Иналбэч финалым щыхуэзащ Тыркум и ныпым щIэту зыкъэзыгъэлъагъуэ ингуш бэнакIуэ Ханиев Мухьэмэд-Башир. ЗэIущIэм и бжыгъэр 10:0-у абыи текIуащ.

Иналбэч и тренерыр Урыш Анзорщ.

Апхуэдэуи, зэхьэзэхуэм дыщэ медаль къыщихьащ КъБР-м и бэнакIуэ, килограмм 86-рэ зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ Шаваев Малики.

Каспийск къалэм иджы щекIуэкIа зэхьэзэхуэм хэтащ УФ-м, Белоруссием, Азербайджаным, Къэзахъстаным, Венгрием, Тыркум, Бахрейным, нэгъуэщI къэралхэми я бэнакIуэ нэхъ лъэщхэр.

КЪУЭЖЕЙ Алим.

● Алыдж-урым бэнэкIэ

Европэм щытокIуэ

Европэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ Болгарием и Самоков къалэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм дыщэ медаль къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ бэнакIуэ, Шэджэм щIыналъэм и гъэсэн Дзу Аслъэн.

УФ-м и командэ къыхэхам хэту зэпеуэм щыIа ди щIалэщIэм и хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупым деж (кг 65-рэ) зэIущIитху щригъэкIуэкIати, псоми щытекIуащ, и хьэрхуэрэгъухэм фIыуэ ефIэкIыу.

ЯпэщIыкIэ Аслъэн хигъэщIащ Грецием и спортсмен Булутидис Дионисиос. АдэкIэ ар зэIущIэм и бжыгъэр 8:0-у текIуащ Румынием щыщ Лунгу Габриель. КъыкIэлъыкIуэу абы тригъэкIуэтащ Азербайджаным икIа Хабибли Орхъан бжыгъэр 8:4-уэ.

Финалым и Iыхьэ ныкъуэм Дзум къыщыпэщIэтащ 2025 гъэм Европэм и медаль къэзыхьа, Украинэм и бэнакIуэ лъэщ Венец Александр, ауэ зэпеуэм и бжыгъэр 7:4-уэ абы къыфIихьащ.

Зэхьэзэхуэм и кIэух Iыхьэм адыгэ щIалэм аргуэру къыщыхуэзащ Арменьем и бэнакIуэ лъэщ Межлумян Завен. Нэгъабэ мы къалэм щекIуэкIа зэIущIэм и медаль къыщихьауэ щытащ Аслъэн и ныкъуэкъуэгъуам, ауэ, мыбдежым, къызэрытекIуэн зы Iэмал иримыту, 6:3-уэ абыи текIуащ.

Дзу Аслъэн и тренерхэр Чыл Аслъэнрэ Къалэ Хьидрэщ.

Мыдрейуэ, иджы екIуэкIа европей зэхьэзэхуэм хэтащ къэрал 36-м я бэнакIуэ лъэщхэр, я ныбжькIэ илъэс 17-м щIимыгъуауэ.

ЩЭУЕЙ Былэ.

Къигъуэтыжащ, ехъумэ...

XIX - XX лIэщIыгъуэхэм псэуа сурэтыщI, IэпщIэлъапщIэ куэдым я IэдакъэщIэкIхэр щахъумэ Ткаченкэ Андрей и цIэр зэрихьэу Налшык къалэм дэт, СурэтыщI гъуазджэмкIэ музейм. Абыхэм яхэтщ Кавказ зауэм щыгъуэ урысыдзэм дэщIыгъуу ди щIыпIэхэм щыIа художникхэм щIыналъэр зэралъэгъуар къыщаIуэтэжа я сурэтхэр.

АБЫХЭМ ящыщщ 1875 гъэм сурэтыщI цIэрыIуэ Лагорио Лев ищIауэ щыта «Кавказский пейзаж» лэжьыгъэр. Байков Федор 1875 гъэм ищIа «На арбе через реку» сурэтым къыщигъэлъэгъуащ Хэкур зыбгынэну къызыхуиуха унагъуэр.

ГъэщIэгъуэн дыдэщ зи лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым епхауэ щыта урыс сурэтыщI Алехин Митрофан и IэдакъэщIэкIхэри. Ди щIыпIэри абы щыпсэухэри фIыуэ зыцIыхуу щыта а художникым, дауи, нэсу къыхуэгъэлъэгъуащ бгырысым и шыфэлIыфэ дыдэр, абы хэлъ хабзэр. «Портрет горца» сурэтыр Алехиным щищIар 1900 гъэхэрт. Iуэхури щызэфIагъэкIыу хъыбарыщIэкIи щызэхъуажэу цIэрыIуэу Налшык иIар бэзэрырт. Абдеж цIыхухэр щызэхыхьэрт-щызэхэкIыжырт. А теплъэгъуэри, адрейхэм нэхърэ мы нэхъ мащIэу удихьэхыу, сурэтыщIым къыщиIуэтащ «Базар в Нальчике» лэжьыгъэм. СурэтыщI гъуазджэмкIэ музейм и гъэтIылъыгъэхэм ящыщщ Алехиным 1912 гъэм ищIа «Горный аул» сурэтри. Къэбэрдей-Балъкъэрым епха и лэжьыгъэхэр хэту, Алехин Митрофан и сурэт 30-м щIигъу ди музейм щахъумэ.

Пащты Герман «Кавказ поэмэхэм» хуитха сурэтхэм щыщ.

Графикэ лэжьыгъэхэм ящыщу къэбгъэлъагъуэ хъунущ УФ-м и цIыхубэ сурэтыщI Пащты Герман и Iэдакъэ къыщIэкIахэр. Лермонтов Михаил и «Кавказ поэмэхэм» абы гравюрэ 40 хуищIауэ щытащ (КъБР-м и Къэрал саугъэтыр къыпэкIуащ), «Измаил-бей» поэмэм - сурэт 15.

Кавказым теухуауэ лэжьыгъэфIхэр зэфIагъэкIат скульпторхэми. 1870 гъэм ди щIыналъэм къытезыгъэзауэ щыта Лансере Евгений Кавказым и лIыхъужьхэм я теплъэ зыбжанэ скульптурэкIэ ищIащ. Абыхэм ящыщ зыщ «Горец на коне» зи фIэщыгъэр. «Громовый гул» повестымкIэ тцIыху Лохвицкий Михаил (Аджыкъу-Джэрий) и теплъэр зыщIа адыгэ скульптор цIэрыIуэ БжэIумых Хьид и IэдакъэщIэкIхэри музейм ехъумэ. Лъэпкъ гупсысэ зиIэу псэуа IэщIагъэлIхэм яхузэфIэкIар нобэрей щIэблэм дежкIэ щхьэпэщ, ди япэ итахэм я фэеплъщ.

«Зэманым декIур лIыфIщ», - жиIэгъауэ щытащ Къэзанокъуэ Жэбагъы. Ди Iуэхур дауэ щымытами, дэтхэнэми ди къалэнщ ди лъахэр тхъумэу, ди гъащIэр нэхъыфI зэрыхъуным дыхущIэкъуу дыпсэуну.

Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 162-рэ мы гъэм ирокъу. Дэ фIыуэ дыщыгъуазэщ 1763 - 1864 гъэхэм адыгэр зыхэта гузэвэгъуэхэм. БлэкIар зыщыдмыгъэгъупщэу ипэкIэ дыкIуэтэн хуейщ. Аращ зэман жыжьэм и сурэтхэр нэхъыбэу щIалэгъуалэм егъэлъагъун, егъэцIыхун щIыхуейри.

КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Темыркъан Геннадий жеIэ: «Зы лъэпкъ щыIэу къыщIэкIынкъым тхыдэ имыIэу. Дэ ди лъэпкъым и блэкIар къигъуэтыжащ, ехъумэ... Зы лъэпкъ щыIэу къыщIэкIынкъым зэгуэр гузэвэгъуэ къытемыпсыхауэ. Адыгэр абыи пхыкIащ. Иджы къаруэ диIэр зы тщIын хуейщ, ди къэкIуэнур дахэу тхыдэм къыхэнэн щхьэкIэ».

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 21, *махуэку*

♦**Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъ махуэщ**

♦**1864 гъэм** илъэсищэм щIигъукIэ екIуэкIа Кавказ зауэр увыIащ.

♦**2004 гъэм** Налшык къалэм къыщызэIуахащ Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 22, *мэрем*

♦**1914 гъэм** къалъхуащ адыгэхэм къахэкIауэ Тыркум щыпсэухэм ящыщ спортсмен, Европэм бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпион, 1948 гъэм екIуэкIа Олимп джэгухэм дыжьын медаль къыщызыхьа **Джандемыр (Гугъэв) Адыл**.

♦**1946 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик **Озбек (Едыдж) Батырай**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 24-рэ, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

Къытхэхъуащ

Вэсэмахуэ республикэм къыщалъхуащ сабий 14: 7-р хъыджэбз цIыкIущ, 7-р щIалэщ.

Дыгъуасэ - сабий 31-рэ: 14-р хъыджэбз цIыкIущ, 17-р щIалэщ.

Накъыгъэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 428-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 3431-рэ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Лэжьыгъэм угъэлъапIэ, щхьэхынагъэм угъэпуд.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкiэ - 42-22-88, 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.266
Заказыр №1.029

12+

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зыттхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.)*. *Корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**.

Компьютерк!э газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариannэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.